ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№233 (23.641) ● 2017 гъэм дыгъэгъаэзм (декабрым) и 5, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Видеоконференц зэпыщІэныгъэхэм я Іэмалхэр къагъэсэбэпри, КъБР-м и Іэтащхьэр хэтащ Урысейм и Вице-премьер Рогозин Д. О. и унафэм щІэту екІуэкІа, «Къалэ шынагъуэншэ» АПК-р хэщэнымрэ абы зегъэужьыныгъэ ведомствэхэм зэдай комиссэм и зэІущІэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий хэтащ Урысейм и Вице-премьер Рогозин Д. О. и унафэм щІэту екІуэкІа, «Къалэ шынагъуэншэ» аппаратиз-программэ комплексыр, пІащІэгъуэкІэ кьраджэн хуей хъу къулыкъухэм «112» номерымкІэ уалъэІэсу щытыныр, «Эра - Глонасс» къэрал автоматизированнэ хъыбарегъащІэ системэхэр зэтеухуэнымрэ абыхэм зегъэужьыныгъэ елэжь, ведомствэхэм зэдай комиссэм и зэІущІэм.

ВЕДОМСТВЭХЭМ зэдай комиссэм и зэІущІэр кьыз-Іуихащ икІи иригъэкІуэкІащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Рогозин Д. О. Абы щагъуэващ кьыз-зрымыкІуэ щытыкІэ къэмыгъэхъуным кІэлъыплъыныкІэ кьалэнхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и ГъэзэщІакІуэ властым и органэмрэ щІыпІэ самоуправленэмкІэ органэмрэ я лэжьыгъэр зэгъэуІунымкІэ «Къалэ шынагъуэншэ» АПК-м 2017 гъэм и дыгъэгъаэзм и 1-м ирихьэлІэу хохьэ: видеокІэлъыплъыныгъэм зэрырагъэкІуэкІ камерэ 635-рэ, хабзэхъумэхэм икІэщІыпІэкІэ зэрызэпыщІэ хъуну «Цыхъ - полицэ» пункту 18, гъэзэум хабзэкэр зэрыщагъэзащІэ щыкІэр сурэткІи видеокІи къэзыгъэльагъуэ комплекту 125-рэ, сервис центру 14 (абы ІэмалышагъэкІэ кьагъэсэбэпри хэту), автоматизированнэ лэжьапІэ Іэнатіэкэр щагъуэващ муниципальнэ зэгухьэныгъэ 13-ми. Апхуэдэ щыкІэкІэ кьагъэсэбэп оптическэ линэу километр 60-м щІигъурэ «Ростелеком» ПАО-м ейуэ километр 80 хуэдизрэ.

Іэмэпсымэ псори щыІэ пщалъэхэмрэ ягъэуба техникэ мардэхэмрэ кьотІасэ. Абы Іэмал кьет узытешыныхьыныкІэ хъуну объект псоми, ЖКХ-м и предприятэхэми, инженер хуэныгъэхэми, социальнэ Іэнатіэм и Іуэхущ1апІэхэми, транспортми, щІыуэпс щытыкІэми зэпымыууэ кІэлъыплъыныкІэ.

Зэ1ущ1эм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Бэлэтокъуэ В. Хь., УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ Черный М. В., КъБР-м Транспортымрэ связымкІэ и кьэрал комитетым и унафэщІ Къудей А. М.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

КІУЭКІУЭ Юрий:

«Къалэнхэр гъэзэщІэным нэхъри егугъун хуейщ»

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ КъБР-м хабзэм кІэлъыплъыныр къызэгъэпэщынымкІэ лэжьыгъэр зэдыкъэнсам, зэфІагъэкІахэмрэ зыхунэмысахэмрэ. Гупсысэ хэха хуащІащ кІэрыхубжьэрыхуэр зыхуей хэзгъэзэным. Абы теухуауэ къэпсэльащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыуэпсым и хьугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министр **Шаваев Ильяс. Министрыр тепсэлъыхьащ Тырныауз дэт вольфрам-молибден комбинатым и кІэрыхубжьэрыхуэхэр зыхуей псы фІеймрэ щахъумэ щыпІэр гъэхъэбзэжьныр «2012 - 2020 гъэхэм УФ-м и щІыуэпсыр хъумэн» къэрал программэм зэрыкъэхуам, Май, Тэрч, Іущ1ахьэмахуэ муниципальнэ щІыпІэхэмрэ Бахъсэн кьалэмрэ кІэрыхубжьэрыхуэ зэхуэхьэсыпІэ ящІауэ щыІэ щІыпІэхэм кьапкърыкІ шынагъуэр къахутэн папщІэ иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм, нэгъуэщІхэми.

- Урысейм и щыналъэ 17-м я кІэрыхубжьэрыхуэр зыхуей хуагъэзэн папщІэ сом мелуан 42-рэ кьратынущ кьэрал мыпхум кьыхэкІыу. Ди гуапэ зэрыхьунщи, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэри хэхуащ дызытепсэлъыхь щыналъэхэм я бжыгъэм. Пэжщ, дызэрыхуейм хуэдэ ехъулІэныгъэхэр къэдмыгъэльагъуэми, кІэрыхубжьэрыхуэхэр зыхуей хуэгъэзэнымкІэ ди республикэр 2-нэ уВыпІэм щытщ, Урысей псор кьапщтэмэ. Ди щІыхуэр мы Іуэхум кьетшэлІэн папщІэ, дэ зэпымычу кьызэдогъэпэщ щэбэт щІыхьэхуэхэр, зэІущІэхэр, кьищынэмыщІауэ, курыт еджапІэхэм дыкІуэурэ ди щІэблэм допсалъэ, щІыуэпсыр хъумэныр ди кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытым теухуауэ, - жиІащ Шаваевым.

Министрым кьызэрыхигъэщамкІэ, щІыуэпсыр хъумэнымкІэ хабзэхэр 2016 - 2017 гъэхэм зэрагъэзэщІар зэхагъэкІын папщІэ кьэпщытэныгъэу 1104-рэ ирагъэкІуэкІати, хабзэр 642-рэ кьызэпаудауэ кьыщІагъэщащ.

- Абы теухуауэ цІыху 596-р жэуапым ирашэлІащ икІи абыхэм зэхэту сом мелуани 3,5-рэ япшынэ хуейуэ тралъхьати, сом мелуани 2,3-р кьыхахьжащ. Кьэнар зымышынхэм я Іуэхухэр УФССП-м КъБР-м щиІэ къудамэм еттащ, - жиІащ министрым.

Шаваевым кьызэрыхигъэщащи, 2016 - 2017 гъэхэм кьриубыдэу КъБР-м и щІыпІэ администрацэ 22-м я Іэтащхьэхэр жэуапым ирашэлІащ хабзэм кьемызэгъыу кьэунэхуа пхъэнкІий идзыпІэхэм унафэ зэрыхуамыщІам кьыхэкІыу икІи абыхэм зэхэту сом мин 230-рэ ирагъэпшынащ.

ЗэІущІэм кьыщыпсэльащ «Росприроднадзор» Іуэхущ1апІэм КъБР-м щиІэ къудамэм и унафэщІ **Асанов Зейтун**, Бахъсэн куей администрацэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Къэнэмэт Рустам**, КъБР-м и прокурор **Жариков Олег** сымэ. КъыдыкъущІхэм едзІуа нэужь, республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий жиІащ щІыуэпсыр хъумэнымкІэ ди щІыналъэм лэжьыгъэшхуэ щрагъэкІуэкІми, зэрымыарэзыр:

- Ди псыхъуэхэмрэ губгъуэхэмрэ пхъэнкІий идзыпІэ, кІэрыхубжьэрыхуэ зэхуэхьэсыпІэ зэрытщІыжар зым и дежкІи щэхуакъым. Дипсхэм бдзэжьей хэсыжкъым, ди мэзхэр ирах, къуажэхэм унафэ дэлъыжкъым. Ар лэжьэкІэ хъунукъым. ЩІыуэпсым и хьугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ министерствэми, прокуратурэми, «Росприроднадзор» Іуэхущ1апІэми ялэжьыр зыщІыпІи къыщыхэщынукъым, ди щІыхуэхэм гудзакъэ, жэуаплыныгъэ яхэмыльмэ, унафэщІхэмрэ жылагъуэмрэ зэдэмылажьэмэ. Си гуапэ мэхъу щІыуэпсым гулъытэ хуэзыщІ ныжьыщІэхэр дызэрилэр, щэбэт щІыхьэхуэхэр гупыж зэращІыр, езыхэми щІэх-щІэхыуэ ди псыхъуэхэмрэ паркхэмрэ зэрагъэкъабзэр. Мис апхуэдэхэр нэхъыбэ хъун папщІэ, щІыхуэхэм я гупсысэкІэм зедгъэхъуэжыпхъэщ, дадэлэжьапхъэщ, - кьыхигъэщащ КІуэкІуэм.

ЗэІущІэм унафэ кьыщащтащ мы Іуэхум теухуауэ 2018 гъэм мэлыжьыхь мазэм иджыри зэхуэзэну.

ФЫРЭ Анфисэ.

Егоровэ Татьянэ щІыхухэм яІущІащ

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ, «Урысей зэкъуэт» партыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 16 щрикъум ирихьэлІэу ирагъэкІуэкІ Іуэхугъуэхэм хыхьэу, иджыблагъэ Уэзрэдж къуажэм щаІущІащ зи щхьэ Іуэхукіэ зыкъыхуэзыгъэзэахэм.

ПАРЛАМЕНТЫМ и Унафэщ1ыр а махуэм яхуэзащ Анзорей, Хьэтуей, Ерокъуэ, Уэзрэдж къуажэхэм щыщу щІыху 13-м.

ЗэмылІэужьыгъуэт Егоровэм зыкъыщІыхуагъэза Іуэхухэр. Ахэр теухуат псэупІэ и лъэныкъуэкІэ щІыхуэр зыхэт гугъуехьхэм, социальнэ ахъшэхэм пыщІа Іуэхухэм, «Лэжьыгъэм и ветеран» щІэр зэрыфІащ щыкІэм, щІыхр зыгъэпсэуакІуэ кІуэу и узыншагъэм кІэлъигъэлъыным, лэжьапІэншэу зэрыщытым къыхэкІыу кьратын хуей ахъшэм. Апхуэдэуи зыкъыхуэзыгъэзахэм ящыщ зыр щІэлъэІуащ илъэс бжыгъэ пыуыкІакІэ лэжьа нэужь нэхъ пасэу пенсэм ягъакІуэхэм дохутыр-психологэрэи хагъэхьыну.

Закъыхуэзыгъэза псоми я лъэІуэр зэпкърахащ икІи дэтхэнэри зэрызэфІагъэкІыну щыкІэр яубзыхуащ. Абы къищынэмыщІауэ, къажэкІуэхэм юридическэ и лъэныкъуэкІэ чэнджэщ щхьэпэхэр ягъуэтащ.

Языныкъуэ Іуэхухэм абдежым занщІэу унафэ щытращІыхьащ, пІалъэ къызыхэкІын хуейхэри Егоровэ Татьянэ и нэІэ щІигъэтыну къигъэгугъащ.

ЦІыхухэм яІущІэныр хабзэ хъууэ щІэх-щІэхыурэ ирагъэкІуэкІ, республикэм щыпсэуэхэмрэ парламентрэмрэ яку дэлъ зэпыщІэныгъэм и щыхьэтэ. Апхуэдэ зэІущІэхэр сэбэп мэхъу цІыхухэр езыхэм я кьарикІэ зыпэмыльтыу гугъуехьхэм щыІуэкІэ абыхэм защІэгъэкъуэнымкІэ, апхуэдэуи абыхэм Іэмал кьат социальнэ, экономикэ, хабзэм, уеблэмэ я зэхэтыкІэм теухуауэ кьэхъу зэныкъуэкъухэр и чэзум зэфІэхынымкІэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

КъэхъукъащІэ шынагъуэ щымыІэу

● КъБР-м и Правительствэм

КъБР-м и Правительствэм дыгъэгъазэм и 1-м щекІуэкІащ Къэхъукъащ1эжьмрэ абыхэм я лъэужьыр гъэкІуэдыжьныжьмкІэ, мафІэс шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщ1ынымкІэ республикэ комиссэм и зэІущІэр. Ар къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - комиссэм и унафэщІ Бэлэтокъуэ Владимир. Зэ1ущ1эм хэтащ УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щы1эм и унафэщ1ым и къалэнхэр зыгъэзэащІэ Черный Михаил, къэрал Іуэхущ1апІэхэм, къалэ, район администрацэхэм я лЫкІуэхэр.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ къэсукъуэкъуэр кьыщыкІэ къэхъукъащІэ шынагъуэхэм япэщІэтыным Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыхуэхьэзырым, Іуащ1ахьэмахуэ лъапэ зыщызыгъэпсэхуэхэм я шынагъуэншагъэр къызэрызэгъэпэщамрэ уэсукъуэкъуэр кьыщІэкъуэ зэманым ІэнатІэхэр зэрыкъуэхьэзырымрэ теухуауэ зэІущІэм кьыщыпсэльащ «Кавказ Ищхъэрэм дунейм и щытыкІэмрэ геофизикэ Іуэхухэмрэ щелэжь дзэ ІэнатІэ» Іуэхущ1апІэм и унафэщІ **Чочаев Хъызыр**. Абы зэрыжиІамкІэ, уэсукъуэр къехьнкІэ шынагъуэ зэрыщыІэр ипэ иту кьащІэн папщІэ ІэмалыщІэхэр кьагъэсэбэп, Іэщ1агъэпІэхэр а Іуэхум ягъагъасэ.

- 2018 гъэм и япэ мазищым уэсукъуэм зэрыпэщІэт техникэхэр зэтхъуэкІыну ди мурадщ. Иджыри кьэс миллиметри 100 зи калибр Іэщ1эхэмкІэ дылэжьащ, къутахуэхэр метр 400 хуэдизкІэ зэбгридзу. ДяпэкІэ къэдгъэсэбэпынущ миллиметри 122-рэ хъуІэмэпсымэ-хэр, абыхэм къутахуэхэр метр 700-кІэ зэбграпхъынущ, - жиІащ Чочаевым. - Къэбгъэлъагъуэмэ, уэсукъуэм пэщІэтынымкІэ Іуащ1ахьэмахуэ районым щылажьэ гупыр мы щымахуэм зыхуеину техникэмрэ ІэмэпсымэхэмкІэ тэмэму кьызэгъэпэщащ. ЦІэкІуэгъуэм и 27-м уэсукъуэр кьыщцех щІыпІэ хэхуэу 7-м я щытыкІэр кьэтпщытащ. Ди Іуэхущ1апІэр долажьэ УФ-м и МЧС-м и управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм, «Росгидромет» Іуэхущ1апІэм.

Къэпсэльаныр зэрыжиІамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым уэсукъуэр кьыщІэкъхинкІэ шынагъуэ здэщыІэ щІыпІи 132-рэ иІэщ. Абы-хэм ящыщу 68-р Бахъсэн ауэрым и бгыщхьэхэм километр 21-рэ кьызэщІабыдэу щыІэщи, нэхъыбэрэ я нэІэ трагъэтщ, лэжьыгъэ щІагъэкІуэкІ. «Къэбгъэльагъуэмэ, мы зэманым щытыкІэр нэхъ щыщынагъуэщ Іуащ1ахьэмахуэ районым щыІэ Байдаевэ жылэмрэ Нартсанэ ауэрымрэ я зэхуакум дэлъ Іыхьэм. ЗэрыхуэдгъэфащэмкІэ, уэс кэуду кьесмэ, абдеж блэкІ федеральнэ гъуэгум зэран хуэхъунри хэлъщ. Адрей щІыпІэхэр зэкІэ шынагъуэкъым, уэсыр бгыщхьэхэм зэрыщыІэтредмыгъэхьэныр яужь дитщ», - дыщІигъуащ Чочаев Хъызыр.

Бэлэтокъуэ Владимир Кьыхигъэщащ «Кавказ Ищхъэрэм дунейм и щытыкІэмрэ геофизикэ Іуэхухэмрэ щелэжь дзэ ІэнатІэ» Іуэхущ1апІэм лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкІуэкІар, икІи 2018 гъэм и мазае - гъатхэпэ мазэхэм нэхъ набдзэгубдзапІпэу щытыну елъэІуащ.

КъБР-м туризмэмрэ курортхэмкІэ и министр **Щоджэнцыкіу Мурат** жиІащ Іуащ1ахьэмахуэ лъапэм щІыхуэхэм я шынагъуэншагъэр кьыщызэрагъэпэщын папщІэ лэжьыгъэ пыухыкІа зэрырагъэкІуэкІыр. Псалъэм папщІэ, абы камери 140-рэ щагъэуващ, иныкъуэр «Къалэ шынагъуэщэ» программэм щІыпІэу щІыпІэм Іэщ1агъэлІхэр кІэлъоплъ. Министрым жиІащ турагентствэхэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ Іуащ1ахьэмахуэ щыІэ кьэлъыхьуакІуэ гупым зэгурыІуэныгъэкІэ ядэлэжьэныр тэмэму кьызэрилъытэр, щІыхуэхэм я шынагъуэншагъэм теухуауэ Іуэхум убгъэдыхьэмэ.

Щ1оджэнцыкІым кьыхигъэщащ гъуэгум щызэтрихьэ автотранспортым пхыкІыу насыпыншагъэ кьыщІихъуэ щІыпІэм техникэ щхьэхуэхэм псынщІэу нэсын щхьэкІэ Іуащ1ахьэмахуэ районым и щІыпІэ администрацэм Іэмал псори и зэманым кьигъэсэбэпын зэрыхуейр. Апхуэдэуи абы кьыхигъэщащ Іуащ1ахьэмахуэ лъапэ и бгы-лыжэ кьежэхьыпІэхэм деж зыгъэпсэхуакІуэхэр Іуэхум хэзыгъэгъуазэ, пІэщІэгъуэкІэ здэпсалъэ хъуну номер-хэр эытет баннерхэр нэхъыбэу зэрыгъэувыпхьэр. «Къалэщтэмэ, щымахуэр къэхъукъащІэшхуэ щымыІэу итыну дыщогугъ», - дыщІигъуащ министрым.

КъБР-м ухуэныгъэмкІэ, псэупІэ-коммунальнэ Іуэхущ1апІэхэмрэ гъуэгуэхмкІэ и министрым и чэнджэщгъэ **Бэлагы Борис** жиІащ псэупІэ-коммунальнэ Іуэхущ1апІэхэр 2017 - 2018 гъэхэм я бжыхьэщ1ымахуэ пІалъэм хуэгъэхьэзырыным сом мелуан 545-рэ зэрыхухахар, ахъшэр процентэ 100-кІэ кьызэрагъэсэбэпар. Министерствэм иджыпей мардэхэм тет Іэмэпсымэщ1эхэр кьищ1ахуащ, и чэзум псэупІэ-коммунальнэ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьыгъэр щІадзащ.

Зэ1ущ1эм кьыщыпсэльахэм жиІар къэпльытауэ, Къэхъукъащ1эхэмрэ абыхэм я лъэужьыр гъэкІуэдыжьынымкІэ, мафІэс шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщ1ынымкІэ республикэ комиссэм зэлъэшынуэр игъэбелджылынущ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

НОБЭ

♦Урысейм и Дзэ щыхьым и махуэщ - 1941 гъэм советыдзэхэм Москва дежи нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэр щрагъэкІуэтыжу хуежьащ.

♦Таиландым щагъэлъапІэ адэм и махуэр

♦1456 гъэм щІыр хъейри, Неаполь къалэр зэтрикъутащ. Абы щыгъуэ цІыху мин 35-рэ хэкІуэдауэ щытащ.

♦1929 гъэм Таджик ССР-р къыздэгъэпэщащ.

♦1936 гъэм СССР-м и етІуанэ Конституцэр кьащтащ. Ар тхыдэм хыхьащ «Сталиным и Конституцэ» цІэр иІэу. А махуэ дыдэм Къзазхъ, Кьыргъыз АССР-хэм союзнэ республикэ статусыр иратащ, апхуэдэуи Коми, Марий, Къэбэрдей-Балъкъэр, Осетие Ищхьэрэ, Шэшэн-Ингуш щІыналъэхэри автономнэ республикэ хъуахэщ.

♦1942 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и партизанхэр Лэскэн Езанэм щыІэ нэмыцэ быдапІэм теуащ, хэщІыныгъэшхуи иратащ.

♦1946 гъэм ООН-м и хэщІапІэр Нью-Йорк къалэм (США) зэпымыууэ щыІэну ягъэуващ.

♦1957 гъэм Ленинград деж псым щытрагъэхьащ дунейм щыяпэ дыдэ мылкъутэ атомнэ къуэхьыр, «Ленин» зыпІащІар.

♦Урыс усакІуэ, дипломат **Тютчев Фёдор** кьызэралъхурэ илъэс 214-рэ ирокъу.

♦Урыс усакІуэ **Фет Афанасий** кьызэралъхурэ илъэсыр 197-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ кинорежиссёр, дуней псом щыщІэрыІуэ мультфильм куэд дыдэ тезыха **Дисней Уолт** кьызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик, УФ-ми КъБР-ми щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лжьакІуэ **Къумыкъу Тыгъуэн** кьызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Авар усакІуэ, Дагъыстэным и цІыхубз усакІуэ **Алиевэ Фазу** кьызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик икІи и президент, РАЕМ-м и академик, УФ-м, КъБР-м, КъШР-м, АР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лжьакІуэ **Нэхущ Іэдэм** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, УФ-м и цІыхубэ артисткэ **Руслановэ Нинэ** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Испанием щыщ оперэ уэрэджэлІкІуэ цІэрыІуэ **Каррерас Хосе** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист **Жыласэ Заурбэч** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

♦«Франджы уэрэджэлІакІуэ, актрисэ цІэрыІуэ **Каас Патрисие** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

♦УэрэджэлІакІуэ, АР-м, КъБР-м, КъШР-м щІыхь зиІэ я артист **Быщтэ Азэмэт** и ныбжьыр илъэс 26-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаусэ щыщытынущ, уэшх кьыщцешынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 8, жэщым градуси 2 - 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Лэжьэнкіэ уашхэщ, шхэнкіэ дыгъужьщ.

● Аруан щІыналъэ

Щ1ымахуэм хуэхьэзырщ

Аруан щІыналъэм и электрикэр бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм бэлэрыгъыркъым.

РЭС-м и лэжьыгъэр и чэзум тэмэму зэрызэтриублам и фІыгъэкІэ, уэздыгъэхэр щІагъэункІыфІын щхьэусыгъуэ нобэкІэ кьэхъуркъым. Кьапщтэмэ, мы гъэм кьриубыдэу тэк зрикІуэ кабель кІапсэу километри 3,6-м нэс яхъуэжащ, электросчётчикыу 270-м нэблагъэ зэрахъуэжІащ, ток кІапсэхэр щыхъуэдиз гъэгугу километри 5-м щІигъум жыг щхьэкІэхэр щауэхъэнщІащ.

Мы гъэм къриубыдэу РЭС-м и бригадэхэм жылагъуэ псоми кьэпщытэныгъэ лажьыгъэшхуэ кьыщрахьэлІащ: вольтышхуэ зрикІуэ кІапсэхэмрэ пкъохэмрэ я щытыкІэхэм кІэлъыплъащ, пкъо лъабжьэ къэтІэсхъахэр ягъэбыдэжащ. Мы лэжьыгъэр щІымахуэми зэпыунукъым. Электросетым и лэжьакІуэхэр щІыщІагъэ кабелхэми хуосакъ: псы Іуфэхэм пэмыжьжьэу щыт бетон пкъо мыинхэр щыІуипсэыкІ, уеблэмэ цІыхухэм щыхадигъукІ куэдрэ кьохъу.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ

Ди ныбжьэгъуфІхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2018 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм унэм ныфхуахьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щІэдзыныр зэрекІуэкІыр.

Ди газетым илъэс ныкъуэм и уасэр сом 815-рэ кІэпІейкІи 10-рэщ.

Ди индексыр 51531

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м ***Налшык къалэ*** ***№692-рп***

Илъэсыщ1э махуэшхуэм екъэлIа гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр егъэкIуэкIын, школакIуэхэм я щIымахуэ зыгъэпсэхугъуэ зэманыр нэгузыжьу ягъэкIуэныр къахуэзгъэпэщын мурадкIэ:

1. 2017 гъэм дыгъэгъаз и 27 - 29-хэм, 2018 гъэм и щIышылэм и 2 – 6-хэм Республикэ илъэсыщ1э псейм теухуа гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр курыт еджапIэхэм я 1 - 7-нэ классхэм щIэс сабийуэ 10 000 кърихьэлIэу щегъэкIуэкIын Профсоюзхэм я унэу мы хэщIапIэм щIэсым: Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ проспект, 53-нэ унэ.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФинансхэмкIэ и министерствэм хуэгъэувын 2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и «Щэнхабзэ, кинематографие» и Iыхьэм и «щэнхабзэ» Iыхьэ къуэдзэм хиубыдэ ахъшэм щыщу сом мин 3 500,0-рэ илъэсыщIэ тыгъэкIэ ягъэкIуэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэм Iэнатlэ етынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм хухихыну.

3. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэ» Союзым чэнджэщ етын:

Республикэ илъэсыщIэ псейм иращIэкI гуфIэгъуэхэм екъэлIа дауэдапщэхэр къызэрагъэпэщынымрэ ахэр егъэкIуэкIынымрэ трагъэкIуэдэн папщIэ сом мин 1400,0-рэ кьиутIыпщыну;

Республикэ илъэсыщIэ псейм иращIэкI гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр щрагъэкIуэкIыну пэшхэм мафIэс шынагъуэншагъэр къыщыззгъэпэщынымэ хуэгъэза Iуэхугъуэхэр зэфIагъэкIыну;

мафIэс къэмыхъуэн папщIэ гъэззэщIапхъэ хабзэхэр зыхуэдэм абыкIэ жэуап зыхьхэр щыгъуазэ ящIыну.

4. Республикэ илъэсыщIэ псейм иращIэкI гуфIэгъуэхэр егъэкIуэкIынымкIэ къызэгъэпэщакIуэ хэтхэр къэщтэн, мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэм хуэгъэувын:

илъэсыщIэ псейм пыщIа Iуэхухэр зэрырагъэкIуэкIыну щIыкIэр щыубзыхуа планыр 2017 гъэм дыгъэгъаз и 15-м и пэ къихуэу Республикэ илъэсыщIэ псейм иращIэкI гуфIэгъуэхэр егъэкIуэкIынымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым иритыну;

Республикэ илъэсыщIэ псейм пыщIа гуфIэгъуэр зэрагъэлIапIэ щIыкIэр цIыхубз хъыбарегъащIэ Iуэхугъащ1апIэхэм къыщагъэлъэгъуэныр къызэригъэпэщыну.

6. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм хуэгъэувын Республикэ илъэсыщIэ псейм и гуфIэгъуэхэр щрагъэкIуэкIыну зэманым ягъэIэпхъуэ медицинэ пункт Профсоюзхэм я унэм къыщызэригъэпэщыну.

7. Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм чэнджэщ етын щIынальэхэм, къалэхэм илъэсыщIэ псейм и махуэшхуэхэр щегъэкIуэкIынымкIэ къызэгъэпэщакIуэ гупхэр яубзыхуну икIи абыхэм яхуэгъэувын:

илъэсыщIэ гуфIэгъуэм екъэлIа Iуэхухэр щыубзыхуа планхэр зохалъхьэу Республикэ илъэсыщIэ псейм иращIэкI гуфIэгъуэхэр егъэкIуэкIынымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым 2017 гъэм дыгъэгъаз и 15-м фIэмыкIыу иратыну;

мафIэс къэмыгъэхъунымкIэ хабзэхэм абыкIэ жэуап зыхьхэр, апхуэдэу мафIэсым и шынагъуэ къатемыхьэн папщIэ зытетыпхъэ хабзэхэм еджакIуэхэр щыгъуазэ ящIыну;

хьэрэкIытIэхэр драгъэлъэтеиныр Урысей Федерацэм и Правительствэм «Пиротехникэ Iэмэпсымэхэр щащэкIи къыщагъэсэбэпкIи мафIэс къэмыгъэхъуным пыщIа хабзэхэм тетыным и Iэхуэкlэ» 2009 гъэм дыгъэгъаз и 22-м къыщта унафэ №1052-м къыщыгъэлъэгъуахэм тету егъэкIуэкIынымкIэ кIэлъыплъыну;

пиротехникэ Iэмэпсымэхэр зэрахьумэмрэ зэращэмрэ кIэлъыплъынымкIэ Урысей Федерацэм и Правительствэм «МафIэс къэмыгъэхъуным теухуа хабзэхэм я Iуэхукlэ» 2012 гъэм мэлыжьыхьым и 25-м къыдигъэкIа унафэ №390-м тету къызэрагъэпэщыну;

8. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэм Iэнатlэ етынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм хуэгъэувын, республикэм и профсоюз зэгухьэныгъэхэм я комитетхэм, республикэм и Iэхуэщ1апIэхэм я профсоюз комитетхэм, ябгъэдэлъ мылъкур зыхуэдэм емылъытауэ, муниципальнэ щIынальэхэмрэ къалэ округхэмрэ я администрацэхэм чэнджэщ етын:

цIыкIухэм я илъэсыщIэ гуфIэгъуэм къызэрагъэблагъэ тхылъхэр псом япэу унагъуэ хуэмыщIахэмрэ бын куэд зиIэ унагъуэхэмрэ я сабийхэм, сабий зеиншэхэм, сабий ныкъуэдыкъуэхэм, школ-интернатхэм щеджэхэм хухахыну;

хэхауэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ икIи къэралым и нэIэм щIэт сабийхэм илъэсыщ1э тыгъэхэр къыхущащхуным трагъэкIуэдэну ахъшэр къызэщIагъэуIуэну;

илъэсыщIэ псейм екъэлIа дауэдапщэхэр, гуфIэгъуэ зэхьхьэхэр жылагъуэхэм, лэжьапIэ Iэнатlэхэм, еджапIэхэм щегъэкIуэкIынымкIэ къызэрагъэпэщыну.

9. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Спортымкlэ и министерствэм хуэгъэувын, профсоюзхэм я «Урысей» республикэ физкультурэ-спорт зэгухьэныгъэм чэнджэщ етын школакIуэхэм я щIымахуэ зыгъэпсэхугъуэм сабий куэд къызэщIэзыубыдэ, узыншагъэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа спорт зэхьхьэхэр ирагъэкIуэкIыну.

11. Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжьныгъэм и Iэхуэхэмкlэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкlэ, къэхуэ гуэзвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэззэкIуэжьныкIэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэм чэнджэщ етын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюзхэм я унэм мафIэс къэмыгъэхъуным и лъэныкъуэкlэ и Iэхуэ зыIутым Республикэ илъэсыщIэ псейм иращIэкI гуфIэгъуэр щрагъэкIуэкI лъэхъэнэм кIэлъыплъыну.

12. Къэрал кIуэцI Iэхуэхэмкlэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэм чэнджэщ етын илъэсыщIэ гуфIэгъуэхэр щрагъэкIуэкI щIыпIэхэм сабийхэр транспорткIэ щашэкlэ, къыщашэжкIэ, апхуэдэуи а зэхьхьэхэр щекIуэкI щIыпIэхэм шынагъуэншагъэр къыщызэригъэпэщыну.

13. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и япэ къуэдзэ Ахъуэхъу Т. Б.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2017 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м къыдигъэкIа унафэ №692-рп-мкIэ къащтащ

Республикэ илъэсыщIэ псейм иращIэкI гуфIэгъуэхэр егъэкIуэкIынымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым

ХЭТХЭР

Ахъуэхъу Т. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и япэ къуэдзэр *(кьызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIу)*

Амщокъуэ Ф. Къ. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэ» Союзым и унафэщIр *(кьызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэщ)*

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэм Iэнатlэ етынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министрыр *(кьызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэщ)*

Асанов А. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэр

Вэрмахуэ А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкlэ и къэрал инспекцэм лэжьыгъэмкIэ *(пэжьыгъэр хъумэнымкIэ)* и къэрал инспекторыр *(зэгурыIуауэ)*

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министрыр

Жазаев А. С. - Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэм жылагъуэ хабзэр кьызэрэзэпэщынымрэ гъэззэщIакIуэ властымрэ щIыпIэ самоуправленэмрэ я органэм ядэлажьэнымкIэ и къудамэм и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Калабеков А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрым и къуэдзэр

Карныш С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыкIухэм щIэныгъэ ягъэгъуэтынымрэ щIэныгъэмкIэ и Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и республикэ комитетым и унафэщIр *(зэгурыIуауэ)*

Къасхъуэ I. Ф. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЦIыхубзхэм я зэгухьэныгъэ» щIынальэ жылагъуэ организацэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрыр

Уянаевэ А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщзгъуэр

Хьэжыкъарэ М. Хь. - Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжьныгъэм и Iуэхуэхэмкlэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкlэ, кьэхуэ гуэзвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэззэкIуэжьныкIэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэм и унафэщIым и къуэдзэр - кIэлъыплъыныгъэ лэжьыгъэмкIэ управленэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Хэжь З. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкIэ и министрым и къуэдзэр

«Путин. Ди лъапIэныгъэхэр»

«Къухьэпlэ СМИ-хэм Путиныр я бийуэ къагъэлъагъуэми, ар ипэжыпIэкIэ зыхуэлажьэр зауэркъым, атIэ мамырыгъэрщ. Урысейр щытщ икIи щытащ дунейм и къэрал куэдыкIейр щыхупIэм щызыхъумэ къарууэ».

● Тхылъыщ1э

А ПСАЛЪЭХЭР щыщщ «Парламентаризмэм зегъэужьыныкIэ институтым» и унафэщI, УФ-м и Къэрал Думэм и Унафэщ1ым и чэнджэщзгъу Чадаев Алексей «Путин. Ди лъапIэныгъэхэр» и тхылъыщ1эм. Ар илъэс 11 и пэкIэ къыдэкIа «Путин. Абы и идеологиер» тхылъым пызыщ1эщ. Мыбы 2017 гъэм дыгъэгъаз и 1-м щытепсэлъыхьащ Кавказ Ищхьэрэ СМИ-хэм я V форуму Ингушым и щыхьэр Магас къалэм щекIуэкIам.

Тхылъым и дэтхэнэ Iыхьэри урысей жылагъуэм и лъапIэныгъэ щ1хьэхуэм, ар Путин Владимир иригъэкIуэкI политикэм къызэрыхэщым теухуащ.

Лэжьыгъэр зи Iэдакъэщ1экIым жэуап иритащ упщIэ куэдым: «Дэ» жыпIэмэ, сыт сикIыр? Сыт ди дежкIэ нэхъ мыхьэнэщхуэ дыдэ зиIэр? Ди къэралымрэ абы дунейм щиIыгъ увыпIэмрэ сыт хуэда? Сыт Кърымыр «дыдейуэ» щ1ыщытыр? Сыт дэ Къухьэпlэм дыщIыгурымыIуэфыр икIи абы зэпымыуэ дыщIыпэщIэтыр? Сыт дэ ди лъапIэныгъэхэм я хъумакIуэ нэхъыщхьэ Путин Владимир щIэхуэм и щхьэусыгъуэр?

А псоми жуэап ягъэтащ.

Иджы фэдгъэцIыхунщ тхылъыр зи Iэдакъэщ1экIыр. Чадаев Алексей Виктор и къуэр политологщ, публицистщ, культурологием и кандидатщ, РГГУ-м урыс тхыдэмкIэ и институтым и доцентщ, РАНХ и ГС-м щрегъаджэ.

Илъэс зыбжанэкIэ УФ-м и Президентым и Администрацэм, УФ-м и Правительствэм, нэгъуэщI Iэнатlэхэм щылэжьащ, щIынальэ мыхьэнэ зиIэ къэхутэныгъэ зыкъом иIэщ.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

● Iуащхьэмахуэ щIынальэ

Лэжьыгъэ мытыншым гулъытэшхуэ хуащI

Тырныауэ къалэ щекIуэкIа зэхьхьэм щагъэлъэпIащ Iуащхьэмахуэ бгы лъагэ къэлъыхъуакIуэ-къегъэлэкIуэ гулымрэ МафIэс къэмыгъэхъунымкIэ федеральнэ къулыкъум и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и лэжьакIуэхэмрэ. Шыщхьэ1ум и 31 - фокIадэм и 1 жэщым Бахъсэн и псыхъуащхьэхэм къыщешха уэшхьышхуэм къыздрихьэжьа ятIэпсым и Iэужь шынагъуэхэр гъэкIуэдыжьыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэм, езыхэм я жэрдэми абы хэлъу, жыджэру зэрыхэтам папщIэ ягъэпэжауэ араш ахэр.

- ФIыщIэ ин фхудощI, насыпыншагъэм и кууагъыр гурэпсэкIэ зыхэфщIэу, лIыгъи фхэлъу, шыIэныгъи зэпIэзэрытыныгъи къэвгъэлъагъуэу, къызэрымыкIуэ щытыкIэм цIыхухэр кьишыжыныкIэ флъэкI къызэрымыгъэнам папщIэ, - жиIащ Iуащхьэмахуэ щIынальэм и администрацэм и унафэщI Залиханов Къанцобий, къегъэлакIуэхэм защыхуигъаазэм. - Къэхъукъащ1эм федеральнэ автомобиль гъэсгум щыщу зэкиъуть и Iыхьэхэр зэрагъэпэщыжыхьу, Бахъсэн и псыхъуащхьэхэм кьыдэна цIыхухэр МЧС-м и жьыхуэтхэкIэ зы махуэ къэмынэу ерыскъыпхъэкIэ къызэрагъэпэщащ, кьинэмыщI зыхуэныкъуэкIи зыхуей хуагъэзащ. ФIыщIэ хэха фхуэфащащ, ди районым щыпсэухэм ящыщу псыдзэм ихьа ди щIалэхэр - Джапуев Мусэ, Теммоев Заурбэч, Узденов Магомед сымэ - Бахъсэн и хуэладж зэхэфыщIам кьыщылъыхъуэжьныкIэ хуабжьу гугъу зыкъызэрыддевгъэхьам папщIи. Куажэдзэхэр, езыхэм я фIэфыныгъэкIэ ди деж къэкIуа адрей ди дэIэпыкъуэгъуфIхэр (волонтёрхэр), узгум увыIэгъуэ ямыIэу кьащщызыIупхъыха жьыхуэльатэхэр фи щIэгъэкъуэну, зи лъэужь тфIэкIуэдахэм маухуипщI енкIэ фыIыхьыхьащ. ХэкIуэдахэм я фэеплъ нэхур дэ зэи тщыгъупщэнукъым. А псом кьыхэкIыуи, фи лэжьыгъэ мытыншым и пщIэр гъунапкъэншэщ.

КъегъэлакIуэхэми къеХъуэхъуахэми фIыщIэ хуащIащ гулъытэ хэIэтыкIа кьызэрызуащIам папщIэ икIи кьыхагъащащ зыщыщ районыр, республикэр, къэралырефIэкIуэныкIэ яхуэзэфIэкI псори дяпэкIи зэраIэжьынур.

ТАРИМ Алисэ.

● ЩIэблэ

Хэкупсэу ягъасэ

Налшык къалэ щекIуэ еджапIэ №11-м зэIущIэ щекIуэкIащ. «Хэкупсэу щIэблэр къэгъэтэджыныр гъэсэныгъэм и лъабжьэщ» фIэщыгъэм щIэту.

СОВЕТХЭМ я зэманым жылагъуэ гъащIэм увыпIэшхуэ щызыубыду щыта мы Iуэхур къэгъэщIэрэщIэжыным теухуауэ Къэрал Думэм иджыблагъэ къыщыхалъхьащ «О патриотическом воспитании в Российской Федерации» законопроектыр. 2018 гъэм и щIышылэм щыщIэдзауэ абы къыру игъэтыну поплъэ.

Налшык къалэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и департаментым щIэныгъэ гуэдзэмкIэ, гъэсэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI Тхьэгъэзэпсэу Светланэ тепсэлъыхьащ Хэкупсэ гъэсэныгъэм нобэ ди щIынальэм щигъуэта гулъытэм. Апхуэдизу, якIапщтэмэ, юнармейцхэм я зэщIэхъеенныгъэр. Абы нобэ хэтщ сабий 200-м нэс. Мы Iуэхум теухуауэ псом хуэмыдэу лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI Бахъсэн щIынальэм. Департаментыр еджакIуэхэми, абыхэм я адэ-анэхэми ядолажьэ хэкупсэ гъэсэныгъэм и мыхьэнэр къагурыIуэн папщIэ. Семинарым хиубыдэу зэпсэлъэныгъэхэр, дерс зэIухахэр, класс щыIб лэжьыгъэхэр екIуэкIащ, къызэрэзэпэщакIуэхэр хэплъащ дзэ-хэкупсэ гъэсэныгъэм теухуауэ егъэджакIуэхэм ягъэхьэзыра, зэрырагъаджэ тхыгъэхэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Зиумысыжащ

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур и Iэ щIэлъу Бахъсэн район судым ирагъэхьащ республикэм щыпсэуэ зэрагъэкъуанщэ Iуэхур. УФ-м и УК-м и 222-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм (хабзэм къемызэгъыу Iэщэ къещэхун, зехьэн), УФ-м и УК-м и 158-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм (гуп зэрыгъэхъуу дыгъуа, унагъуэхэм ятеуа), УФ-м и УК-м и 166-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм (гуп зэрыгъэхъуу машинэ ирахужьэныр, ар зейр яукIын е фэбжь хихынкIэ хъуну шынагъуэу).

МЫ IУЭХУХЭР зэхэзыгъэкIахэм зэрагъэбелджыламкIэ, щIэпхъаджагъэ ищIауэ яубудам 2008 гъэм и дыгъэгъаз маазм хабзэм къемызэгъыу Iэщэ къищэхури, Къуртькъужьи Ипщэм дзэ я благъэм дежи щигъэпщкIуащ.

2015 гъэм и мэлыжьыхь маазм къещыщIэдзауэ 2016 гъэм и жэпуэгъуэ пщIондэ нагъыщIхэми я гъусэу Бахъсэн къалэм, Дзэлыкъуэ районым щыдыгъуащ, зы машинэ ирахужьащ, ящэн мурад ямыIэу.

ЩIэпхъаджагъэхэр зыщIам псомкIи зэрызиумысыжар кьилъытэну тхылъ дэщIыгъуу, уголовнэ Iуэхур судым ирагъэхьащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Зи чэзу зэхъуэкIыныгъэхэр

Налшык къалэ и Дзэ комиссариатым цIыхухэм хъыбар ярегъащIэ 1998 гъэм гъатхэпэм и 28-м къудэкIа «Дзэм къулыкъу щащIэну я пэ дэлъ къаIэнымрэ ар ехьэкIыныкIэ» Федеральнэ закон №53-ФЗ-м зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыхалъхьамкIэ.

1. 24-нэ статьям и 1-нэ пунктым и 3/1-нэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуащ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт еджапIэхэр къэзыухахэу УФ-м и лъэпкъ гвардием хьихьэхэм дзэм щраджэну зэманыр зэрыхуэгъэпсэлъэну - а Iэнатlэхэм кьулыкъу зэрыщрахьэкIыну пIалъэр иухьыхькIэ.

2. 24-нэ статьям и 2-нэ пунктым икIи иткIэ, дзэм щрахьэкIыну зэманыр хуагъэIэпхъуэнымкIэ хуитныныгъэ яIэщ мыбыхэм:

а) къэрал аккредитацэ зиIэ еджапIэхэм курыт щIэныгъэм тегъэщIа программхэмкIэ щрагъаджэхэм. ПIалъэр зытращIыхьхьар еджапIэр кьаухьхькIэщ икIи, федеральнэ зэрырагъаджэ пщагъэхэм тету, псоми я зэхуэдэ курыт щIэныгъэр абы щызрагъэгъуэтыхькIэщ;

б) Iэщ1агъэм и гъусэу курыт щIэныгъэ щрат еджапIэхэм, къэрал аккредитацэ зиIэхэм, щIэсхэм - ар къаухьхькIэщ икIи, федеральнэ зэрырагъаджэ пщагъэхэм тету, Iэщ1агъэм и гъусэу курыт щIэныгъэ абы щызрагъэгъуэтыхькIэщ;

3. 34-нэ статья - зэхъуэкIыныгъэхэр хуэгъэзащ дзэм контракткIэ къулыкъу щызыщIэхэм я бжьгъэм хэгъэхуэным. Унафэр кьащтащ Iэщ1агъэм и гъусэу курыт щIэныгъи зэзыгъэгъуэтахэу УФ-м Iэщ1кIэ Зэщ1эузэда и Къарухэм, Лъэпкъ гвардием, МЧС-м пыщIа къеГъэлакIуэ къарухэм кьулыкъу щезыхьэкIыну ягъакIуэхэм контракт зэгурыIуэныгъи иращ1ыпIэ хъун хуэдэу. Апхуэдэуи унафэ кьащтащ, запасым щымыIэ, ауэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ е Iэщ1агъэм и гъусэу курыт щIэныгъэ зэзыгъэгъуэтахэу къэдгъэлъэгъуа органхэм и дзэ къулыкъум пэрыхьэхэми а хуитныныгъэр иратыну.

4. «УФ-м и цIыхухэр дзэ къулыкъум хэщэныкIэ Положенэр къэщтэным и Iэхуэкlэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2006 гъэм щэкIуэгъуэм и 11-м къыдигъэкIа унафэм кьыщыгъэлъэгъуащ хабзэкIэ щIэгъэбыда лъабжьэхэр имыIэу дзэм кьулыкъу щимыщIауэ щ1ыхьэ зиIэ къэхутэныгъэ щыщ1ыхьэхэр.

Апхуэдэу, зи ныбжьыр илъэс 27-м нэсыху дзэм кьулыкъу щызымыщIа цIыхур запасым щагъакIуэкIэ, хабзэкIэ щIэгъэбыда щхьэусыгъуэхэр имыIэу дзэм кьулыкъу щимыщIауэ ар кьалъытэнуц, муниципальнэ къызэгъэпэщынигъэм и дзэ комиссариатым щахъумэ тхыльхэр тегъэщIапIэу, апхуэдэ цIыхур дзэ учётым щыту (е абы зыщимыгъэтхыхауэ) дзэм ираджэн хуеямэ. Учрыкам къару иIэщ 2014 гъэм щIышылэм и 1-м къыщыщIэдзауэ.

Налшык къалэм и дзэ комиссар
ЩОДЖЭН Залым.

Хабзэр я тегъэщIапIэу

● ЗэIущIэхэр

Сабийхэм къэралым щызекIуэ хабзэр егъэщIэныкIэ урысейпсо махуэм ирихьэлIэу, Бахъсэн районым Iуэхугъуэ зыбжанэ щекIуэкIащ.

САБИЙ зеиншэхэм, зи адэ-анэ зыщхьэщымытыжхэм, унагъуэ хуэмыщIахэм кьыщыхъуэхэм, гугъуехь хэхуэхэм къэралым зэрызащIигъакIуэр зыгъэбелджылы хабзэхэм ныбжьыщIэхэр а махуэм хагъэгъуэзащ.

Зэхьхьэхэр Бахъсэн щIынальэм и курыт еджапIэ псоми кьыщызэрагъэпэщащ. «Бахъсэн районым щыIэ КЦСОН» къэрал Iуэхущ1апIэм щекIуэкIа зэхуэсым хэтащ Бахъсэн районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Тохъуэтэмыщ Мухьэмэд**, Урысейм и МВД-м Бахъсэн щIэ къудамэм и лIыкIуэхэр, «Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ кьызэгъэпэщынымрэ социальнэу хъумэнымкIэ центр» къэрал кIэзонэ Iуэхущ1апIэм, Бахъсэн районым Къалэн куэд щагъэзащIэ и центрым Сабийхэр япIыну кьызэращтэмкIэ и къудамэм балигъыпIэ нэмысахэм я Iуэхухэмрэ я хуитныныгъэ хъумэнымкIэ и комиссэм и Iэщ1агъэлIэхэр.

Ныбжьыщ1эхэр щагъэгъэзащ сабий зеиншэхэм, зи адэ-анэ зыщхьэщымытыжхэм, унагъуэ хуэмыщIам кьыщыхъуэхэм, гугъуехь хэхуэхэм унэ зэрыратым теухуауэ щIэ хабзэхэм, адэ-анэм я быныр кьыщщIахьым, зэщхьэгъуэгъэхэр щызэбгъэдэмысыжым сабийр ипIын папщIэ щIыхуэхъум хуагъэув ахъшэм, щIэмрэ унэцIэмрэ зэрахъуэжьым, нэгъуэщI куэдми.

Тохъуэтэмыщ Мухьэмэд зэрыжиIамкIэ, сабийхэм хабзэр ящIэу, къэралым абыхэм къарит Iэмалхэм хащIыкIыу, я хуитныныгъэхэр яхуэхъумэжу къэхъунымкIэ щхьэпэщ ирагъэкIуэкIа зэIущIэхэр.

Бахъсэн районым и щIыпIэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Нэхъыщхьэр уи лъэпкъыр фIыуэ плъагъунырщ

Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор Къумыкъу Тыгъуэн Хьэбас и къуэр къызэралъхурэ ильэс 90 ирокъу

1954 гъэ

Къумыкъу Тыгъуэн Хьэбас и къуэр Урысей Федерацэми хамэ къэралхэми щыцIэрыIуэ щIэныгъэлIщ, егъэджакIуэщ, Къэбардей-Балъкъэрым и кавказыдж тхыдэ школым и къызэгъэпэщакIуэщ. Профессор Къумыкъу Тыгъуэнщ республикэм и лъэпкъ IэщIагъэлIхэм ящыщу тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор цIэ лъапIэр япэу зыхуагъэфэщаг.

***Шэджэм районым хыхьэ Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм 1927 гъэм дыгъэгъазэм и 5-м къыщалъхуащ Къумыкъур. Жылэм дэт курыт школ №91-р ехъулIэныгъэкIэ къиуха ноужь, щIалэщIэр 1945 гъэм щIэтIысхьащ Къэбардей къэрал пединститутым тхыдэмкIэ и факультетым икIи тхыдэдж Iэщ1агъэр зригъэгъуэтащ. Лъэпкъ тхыдэм дихьэх, щIэныгъэм хуэнэхьуеинш Тыгъуэн щIэхъуэпсырт а Iэщ1агъэмкIэ бгъэдэль зэфIэкIым нэхъри хигъэхъуэну. А мурадыр иIэу ар щIэтIысхьащ Осетие Ищхъэрэ къэрал пединститутым и аспирантурэм. Еджагъэшхуэхуэ Скитский Б. В., Тотоев М. С. сымэ и щIэныгъэ унафэщIу Къумыкъум 1953 гъэм игъэхьэзыращ и кандидат диссертацэр икIи Куржым ехъулIэныгъэкIэ щыпхигъэкIащ. Абы лъабжьэ хуищIащ студент илъэсхэми къыкIэлъыкIуэ зэманми иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэр.*

1952 гъэм къыщыщIэдзауэ ильэситIкIэ Къумыкъур егъэджакIуэ нэхъыжьу щыIэжащ Къэбардей пединститутым СССР-м и тхыдэмкIэ и кафедрэм. ИужькIэ ар тхыдэмкIэ кудамэм и пашэу иригъэблагъащ Къэбардей щIэныгъэ-къэхутакIуэ институ- тым. Тыгъуэн и доктор диссертацэр щыпхигъэкIащ СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием тхыдэмкIэ и институтым икIи адыгэхэм ящыщу япэу къыфIащащ тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор цIэр.

1966 гъэм Къумыкъур КъБКъУ-м егъэджакIуэу иригъэблагъащ икIи ильэс 40-м щIигъкIэ абы щыIэжащ лъэпкъ тхыдэмкIэ кафедрэм и унафэщIу.

***Абы къызэрилытэу щытамкIэ, щIыхьым и дежкIэ нэхъыщхьэр уи Хэкур, ущалъхуа щIынальэр фIыуэ плъагъунырт. Псом япэ абы иригъэщырт пэжыгъэр, псэ къабзагъэр, жэуапльныщхьэр. «ЦIыхум и уасэр и лэжьыгъэрщ», - жеIэ адыгэ псалъэжьым. Къумыкъу Тыгъуэн и кьалэмыпэм къыпыкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэу 300-м щIигъу, монографие щхьэхуэу 20-м щIигъу яхэту. А тхыгъэ купщIафIэхэм нэмыщI, абы щIэблэм, адыгэ лъэпкъым щIэин лъапIэу къахуигъэнащ и гупсысэхэр, Iуэхущафэхэр, хэльа хабзэ екIумрэ нэмыс лъагэмрэ.*

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

ЩIэныгъэм хуэзгъэпса гъащIэ

● Фэеплъ

Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэр джыным, щынальэм щIэныгъэм зыщегъэужьыным зи гуащIэшхуэ езыхьэлIа, абы и екъулIэныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа еджагъэшхуэхэм ящрощ Урысей Федерацэм. Къэбардей-Балъкъэрым щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, профессор Къумыкъу Тыгъуэн Хьэбас и къуэр. Тхыдэдж Iэкlуэлъакlуэм, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэм и кьалэмыпэм къыпыкIащ щIынальэм и тхыдэм ехьэлIа къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщIафIэ куэд. Абыхэм я мыхьэнэр хуабжьу инщ икIи ноби пщIэшхуэ щаIэщ щIэныгъэ дунейм. Къумыкъу Тыгъуэн псэужамэ, дыгъэгъазэм и 5-м ильэс 90 ирикъунут.

XX - XXI лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм щыIа кавказыдж нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм хальытэ Къумыкъу Тыгъуэн. ЩIэныгъэлIым кикIуа гъэзуанэм мыхьэнэшхуэ щиIащ лIэщIыгъуэ блэкIам и 50-60 гъэхэм Кавказ щынальэм щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэр джным ди къэралым мыхьэнэшхуэ щиГъуэтауэ зэрыщытам. А унэтIныгъэм теухуа академическэ школ хэхам хуабжьу зиужьат абы щыгъуэ. Абы пкъы нэхъыщхьэ хузэгъуэхэм ящыщщ тхыдэдж цIэрыIуэхэу Скитский Б. В., Тотоев М. С., Гарданов В. К., КIущ Е. Н., Крупнов Е. И., нэгъуэщIхэри. А щIэныгъэлI пажэхэм Къумыкъур щэщIауэ ядэлэжьащ, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм, адыгэхэри балъкъэрхэри яхэту, я тхыдэмкIэ кьэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр щригъэкIуэкIам. А еджагъэшхуэхэм бгырыс лъэпкъхэм я тхыдэ блэкIар зэфIагъэувэжа кьудейкъым, атIэ ахэр я гъуэгугъэлъагъуэу, абыхэм я нэIэм щIэту гъэхьэзыра хьуащ а унэтIныгъэм адэкIэ зезыгъэужьа лъэпкъ щынальэлIхэр.

Кавказыдж куэдым ядэлэжьащ Тыгъуэн. Апхуэдэхэт, псалъэм папщIэ, Азербайджаным щыщ Сумбат-Заде А. С., Куржым щыщхэу Джапаридзе Д., Хачапуридзе Г. В., Сургуладзе А., Лордкипанидзе А., Абхъазым щыщхэу Анчабадзе З. Л., Дзидзарие Г. А., Инал-Ипэ Ш. Д., Дагьыстэным щыщхэу Магомедов М. М., Гаджиев В. Г., Осетие Ищхъэрэм щыщхэу Скитский Б. В., Тотоев М. С., Цуциев В., Ростов областым щыщхэу Жданов Ю. А., Пронштейн А. П., Адыгейм щыщхэу Джым Б. М., Аулъэ М. Ж., ХьэдэгъэлI А. М., Къэрэшей-Шэрджэсым щыщхэу Невская В. П., Кьалмыкъ И. Хь. сымэ. Къумыкъур дапщэщи гуапэу ятепсэльыхьырт ди республикэм щыщ тхыдэдж цIэрыIуэхэу, езым и лэжьэгъу, и ныбжьэгъу пэжхэу Мамбэт Хьэлым, Гугу Рашад, Кьасум Алий, Iупыдж Iустырхьан, Шортэн Аскэрбий, Хьэкlуащэ Евгений сымэ.

Тыгъуэн илъэсиплI бжыгъэкIэ иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэр тхыдэ щIэныгъэм и унэтIныгъэищым хуэгъэпсат: феодализмэм и пэхъэхэмэ адыгэхэм яку дэлъа социально-экономикэ зэхущытыкIэхэмрэ абыхэм яхэлъа щхьэхуэныгъэхэмрэ; жылагъуэ гупсысэмрэ уэзщIакIуэ-щIэныгъэзехьэ зэщIэхъееныгъэмрэ; XVI - XIX лIэщIыгъуэхэм щыIа адыгэ-урыс, балъкъэр-урыс политикэ, экономикэ зэпыщIэныгъэхэр. А унэтIныгъэхэм ятеухуауэ щIэныгъэлI щыпкъэм и кьалэмыпэм къыпыкIащ псори зэхэту лэжьыгъэ 300-м щIигъу, тхылъ щхьэхуэрэ монографие къэхутэныгъэу 24-рэ хэту. Ар бжыгъэшхуэщ, арщхьэкIэ аракъым нэхъыщхьэр. Къумыкъум и дэтхэнэ къэхутэныгъэмэ щIэныгъэ лъабжьэ быдэ иIэщ, абыхэм яб-гъэдэль купщIэ иныкIэ я мыхьэнэ абрагъуэмрэ иджыри зы щIэблэкъым зыджынур. ЩIэныгъэм и гъуэгу бгъуфIэм техьэ дэтхэнэми ар еублэ и кандидат диссертацэмкIэ, иужькIэ абы кьыкIэлъокIуэ доктор лэжьыгъри. А лэжьыгъэхэр щигъэхэзырым нэрылъагъу хуэакIэт Тыгъуэн зызрипщыта тхыдэ унэтIныныгъэр нэхъ гугъуэхэм зэращыщыр. ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 60 гъэхэм нэсыху тхыдэ щIэныгъэми жылагъуэ гупсысэми кьыщалъытэрт 1917 гъэм и пэкIэ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэр патриархат псэукIэм итауэ, я экономикэри нэхъыщхьэу зытегъэщIауэ щытар хъуплэхэм Iэщ щыгъэхъуныр арауэ. И щIэныгъэ лэжьыгъэхэу «Земельные отношения в Кабарде в первой половине XIX века и земельная реформа» (1952), «Социально-экономические отношения и отмена крепостного права в Кабарде и Балкарии» (1959), «Вовлечение Северного Кавказа в российский экономический рынок в XIX в.» (1962) жыхуиIэхэм Къумыкъум щыхуэзэфIэкIащ Къэбардейр XVIII - XX лIэщIыгъуэхэм феодальнэ псэукIэм зэритар наIуэ къыщищIын, апхуэдэущи къыщигъэльэгъащ щынальэр XIX лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм - XIX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм урысейпсо капиталистическэ зэхущытыкIэм зэрыхуэкIуар. Ар текIуэныгъэ инт езы Къумыкъу Тыгъуэн и мызакъуэу, тхыдэдж щIэныгъэ псом я дежкIи. 50 гъэхэм я пэщIэдзэм - 60 гъэхэм а Iуэхугъуэхэм кьадэкIуэу Тыгъуэн елэжьащ урыс-къэбардей зэхущытыкIэхэр гъэбелджыльжыным. 1957 гъэм дунейм кьытехьащ Къумыкъум и кьалэмыпэм къыпыкIа «Присоединение Кабарды к России и его прогрессивные последствия» тхылъыр. Ар кьудэкIащ Къэбардейр Урысейм зэрыгухьэрэ ильэс 400 щIэм ирихьэлIэу. А тхылъымрэ «Кабардино-русские отношения в XVI - XVIII вв.» томитI хъу, архив дэфтэрхэр щыIэзэхуэсауэ абы щыгъуэ къыдэкIамрэ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэуэм я жылагъуэ-политикэ гупсысэр зэгурыIуэныгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ хуаунэтIащ.

«Урысей Федерацэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр Къумыкъум къыщыхуагъэфэща махуэм. *1997 гъэ*

60 гъэхэм я етIуанэ Iыхьэм кьыщыщIэдзауэ Къумыкъум гупльэтэ нэхъыбэ хуищу щIедзэ XIX - XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ ябгъэдэлъауэ щыта жылагъуэ, уэзщIакIуэ гупсысэхэр джным. А лъэхъэнэм абы и кьалэмыпэм къыпыкIащ Кавказ Ищхъэрэм цIэрыIуэ щыхъуэ тхылъхэу «Жизнь и общественная деятельность Л. М. Кодзокова» (Налшык, 1962), «Хан-Гирей» (Налшык, 1969), «Казий Атажукин» (Налшык, 1969), «Казы-Гирей» (Налшык, 1978), «Дмитрий Кодзоков» (Налшык, 1985). XIX лIэщIыгъуэм псэуа уэзщIакIуэхэу Кьудзокъуэ Лэкъумэн, ХьэтIохъущокIуэ Кьазий, Хьан-Джэрий, Кьаз-Джарий сымэ ятеухуауэ зыгуэр зыщIэр мащIэ дыдэт абы щыгъуэ. Къумыкъу Тыгъуэн иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм я фIыгъэкIэ а адыгэ уэзщIакIуэхэм куэдым кьацIыхуащ, абыхэм ящхьэщыха хъуащ щхьэтепэкIуэ «щхэр», гурыIуэгъэуэ щымыт. Щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр кьигъэсэбэпуэ, щIэныгъэлIым кууэ иджащ абыхэм я гъащIэмрэ я лэжьыгъэмрэ, наIуэ къишащ яIа жылагъуэ-политикэ Iуэху еплъыкIэхэр.

Тхылъым хуэрихьа а лэжьыгъэ купщIафIэхэм пщIэшхуэ щагъуэтащ тхыдэм. Абыхэм щытхъу псалъэхэр щиубыдауэ зэрыщытар, ар Европэмрэ Урысеймрэ я апхуэдэ Iуэхугъуэхэм кьаззэрыщхьэщкIа щыкIэхэр.

ЖыпIэнурамэ, лъэпкъ уэзщIакIуэхэм ехьэлIа кьэхутэныгъэхэм хуабжьу дахьэхырт щIэныгъэлIыр. Абы теухуауэ кьыхэгъэщIыпхъэщ 1996 гъэм Налшык кьыщыщIакIуэ щыта «Культура, общественно-политическая мысль и просвещение Кабарды во второй половине XIX - начала XX века» тхылъыр. Зыхуэбгъадэ хъун щымыIэ а кьыдэкIыгъуэм нэсу наIуэ кьыщыхьащ кьэхутакIэм бгъэдэль Iэзагъ инымрэ зэфIэкI лъагэмрэ. Ар хуэщ студентхэм, еджакIуэхэм, лъэпкъ щэнхабзэм дихьэх дэтхэнэм и дежкIи сэбэныщхэу зыпылъ тхылъ. Абы авторым кьыщигъэльэгъуащ ди щынальэм егъэджакIуэ Iэнатlэм щичА япэ лъэбакъуэхэр, уэзщIакIуэ, щIэныгъэ Iуэхугъэм зэрызыщащжьар. Къумыкъум и фIыгъэкIэ кьызэIуха кьыщIэныгъэ Iуэхугъэм зэрызыщащжьар. Къумыкъум и фIыгъэкIэ кьызэIуха хуэщ лъэпкъ тхыдэм зи цIэр нэхъапэм щымыIуэ, адыгэ щэнхабзэм зиужьыным хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа зэкъупсэкъэ и цIэхэр (Дым Iэдэм, ШэрэпIокIуэ Талъостэн, Кьудащ Владимир, нэгъуэщIхэри). ЩIэныгъэлIым гу лъыдегъатэ кьызыхэкIа социальнэ классрэ яIа политикэ Iуэху еплъыкIэхэмрэ емылытауэ, уэзщIакIуэхэр «фIыр» - «Iейкlэ» зэхэбэ зэрымыхъунум. Абы жылагъуэ гупсысэм щигъэбыда Iуэхугъэхэм ящыщ революцэм и пэкIэ щыта лъэпкъ уэзщIакIуэхэми пщIэрэ щIыхьэр кьызэралъэкIыр. Тхылъым апхуэдэу кьыщыгъэльэгъуащ а лъэхъэнэм щыIа егъэджакIуэхэм, дин лэжьакIуэхэм, дзэм хэта кьулыкъущIэхэм лъэпкъ гупсысэм зегъэужьыныжьыкIэ мыхьэнэшхуэ зэраIар.

СызэригугъэмкIэ, гулъытэ хэха хуэфащэщ Къумыкъу Тыгъуэн 2002 гъэм кьыдигъэкIауэ щыта «Общественная мысль и просвещение адыгов в балкаро-карачаевцев в XIX - начале XX веков» тхылъым. А кьыдэкIыгъуэм щIэныгъэлIым кьыщигъэльэгъащ лъэпкъ тхыдэм цIыху щхьэхуэжьм щаубыда увыпIэр зыхуэдэр. Ар топсэлъыхь Кавказ-бгырыс полуэскароным и пашэу щыта Андзор Хьэту, Щамил и нэIибхэм ящыщ Андзор МухьэмэдI-Мырзэ, урысеидзэм и генералхэу Кьундет Д., Альтэдыкъуэ Т., Шыпш Т., Хьэгъундокъуэ К., граждан кьулыкъущIэ Кьлышбий Сулътlанбэч, 1917 - 1921 гъэхэм къэрал лэжьакIуэу щыта Куэдэ Пщымахуэ сымэ, нэгъуэщIхэми лъэпкъ зыужьыныгъэм хуащIа хэлъхьэныгъэм.

Тхылъым хэлъ хьэлэмэтагъэм ящыщщ, япэрауэ, абы кьыщыхьа кьэхутэныгъэхэр нэхъ шэщIауэ зэрыщытыр, етIуанэрауэ, авторым абы зи гугъу щищIыр Къэбардей уэзщIакIуэхэм я закъуэхъым, атIэ Адыгейми, Балъкъэрми, Къэрэшеймии, Шэрджэсми а лъэхъэнэм иса еджагъэшхуэхэми щытопсэльыхь. ЩIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэм кьыдэкIуэу, а тхылъыр хуащ КъБР-м, Кавказ Ищхъэрэм хьихьэ адрей щынальэхэм щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ зэраджьын пособие. Абы пкърыльфIагъымрэ и лъапIэныгъэмрэ кьэкIуэну щIэблэхэм иджыри зэкъым зэрызыхащIэнур.

Къумыкъум дапщэщи пщIэшхуэ яхуищIащ япэ ита еджагъэшхуэхэм, кьэхутакIуэхэм. Тыгъуэн куэд зэфIихащ абыхэм я кьалэмыпэм къыпыкIа тхыгъэхэр дунейм кьытехьэн папщIэ. А мурадыр и гъэугъэпльагъуэу абы тIэунейрэ кьыдигъэкIыжащ Нэгумэ Шорэ и «История адыхейского народа» тхылъыр (1982, 1994), апхуэдэуи Владимир и кьалэмыпэм къыпыкIа «Исторические сведения о кабардинском народе» (1991). А кьыдэкIыгъуэхэм Къумыкъум дыщIигъащ авторхэм я гъащIэмрэ лэжьыгъэмрэ ятеуха тхылъ гъэ шэщIакIэр, ахэр щыпсэуа лъэхъэнэм хэлъа щхьэхуэныгъэхэри хэту, Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм Iэмал къуэт тхыгъэхэр кьыщагъэщIа зэманымрэ абы щIэлъ гупсысэмрэ зэпэплъытыну, Iуэхум и пэжыпIэр зыгурыбгъэIуэну.

ЩIэныгъэлI щыпкъэм апхуэдэу зыкьигъэльэгъуащ гуп проект инхэр кьызэгъэпэщыныжьрэ ахэр гъащIэм ихьэщыжьыкIэ Iэщ1агъэлI Iэкlуэльакlуэу. Абы и унафэм щIэту гъэхьэзыра икIи кьыдэгъэкIа Iуэхущ лъэпкъ тхыдэм мыхьэнэшхуэ щызыIэ лэжьыгъэхэу «История Кабарды» (Москва, 1957), «Очерки Балкарии» (Налшык, 1962), тIомитI хъу «История Кабардино-Балкарской АССР» (Москва, 1967). Томитl хъу «История народов Северного Кавказа» (Москва, 1988) тхылъым и 9-нэ Iыхьэр зытхахэм яхэтащ Тыгъуэн, апхуэдэуи Iыхьитlыр зытх автор гугъэм и унафэщIу щыгъэтащ. Тхылъым и 2-нэ томым и редколлегиеми хэтщ Къумыкъур. Зи бжыгъэр мин 14 фIэкIа мыхъуу кьыдэкIа «История народов Северного Кавказа» тхылъым щIэупщIэшхуэ щиIащ СССР-м. Ар хуащ Кавказыр зыджа щIэныгъэлI куэдым я хъуэпсапIэм кьихьукIа наухуанIэ.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм Къумыкъу Тыгъуэн и щIыбагъ кьыдэлът ди Хэкум и тхыдэм теухуауэ езым кьиугъуеи щIэныгъэ мылькуншхуэ, арихьа дэфтэр бжыгъэншэхэр. Абыхэм яхэлът Урыс-кавказ зауэм ехьэлIахэри, адыгэхэм ящыщ куэдым Тыркыр псэупIэ зэрахуэхъуам епхаэри, бгырысхэм ирагъэкIуэкIа щхьэхуитщIыкIуэ зауэр кьызыхэщIыкIэхэри, Урысейм Кавказым щригъэкIуэкIа политикэм текуэуахэри. А псори щIэныгъэлIым кьыщыщIэдзыжауэ, «Выселение адыгов в Турцию - последствия Кавказской войны» (1994) тхылъым.

Кьыкlэльыкlуэ илъэсхэр кьапщтэмэ, Къумыкъум иужьрейуэ иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм а унэтIныгъэм увыпIэщ1уэ щыубыд. Абы щыхьэт тохъуэ архив дэфтэрхэр щызэзхьэхьэсауэ щIэныгъэлIым кьыдигъэкIа тхылъхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «Проблемы Кавказской войны и выселение адыгов в пределы Османской империи (20 - 70-е гг. XIX)» (2001), «Торгово-экономические связи России и Северного Кавказа в период Кавказской войны (40 - 50-е гг. XIX)» (2006). А сборникэм ихуащ мыхьэнэшхуэ зиIэ дэфтэрхэу Къумыкъум Москва, Санкт-Петербург, Тбилиси, Краснодар, Владикавказ, Налшык кьалэхэм я архив хьумапIэхэм кьыщигъэутахэр. Тхыдэр зыдижкIэ я дежкIэ а дэфтэрхэр уасэ зимыIэщ, абыхэм я мыхьэнэри кьыпхъэмыльытэным хуэдизщ.

Апхуэдэ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэшхуэхэм кьадэкIуэу, Къумыкъу Тыгъуэн папщащи жыджэру хэтащ Кавказ Ищхъэрэм и тхыдэм тещIыхьауэ кьыщэрагъэпэщ щынальэпсэо, союзэпсо, дунейпсо щIэныгъэ зэхуэсхэм. Хэтым и мызакъуэу, абыхэм я утыкум кьыщыпсалъэрт, и Iуэху еплъыкIэхэр кьыгъэнаIуэу. Апхуэдэ зэхуэсхэм щищIа доклад цIэрыIуэхэм ящыщщ «О происхождении балкарцев и карачаевцев» (Москва, 1959), «Этапы и особенностях развития феодализма у адыгских народов», «Этапы и особенности общественно-политической мысли Кабардино-Балкарии, Карачаево-Черкесии и Адыгеи в XIX - начале XX века» (Налшык, 1974), «Мухаджирство в истории горских народов Северного Кавказа» (Налшык, 1990), нэгъуэщIхэри. Балъкъэрхэмрэ кэрэшейхэмрэ Кавказ Ищхъэрэм игъащIэ ябгъэдэлъ ис лъэпкъхэу Къумыкъум кьыззэрильытар кьыщащтауэ щытащ 1959 гъэм екIуэкIа конференцым. А Iуэху еплъыкIэхэращ нобэр кьыздэсым нэхъ тэмэму куэдым ялъытэр.

Сыт хуэдэ къэхутэныгъэ иримыгъэкIыкIми, Къумыкъу Тыгъуэн и дежкIэ нэхъыщхьэр абы щIэныгъэ лъабжьэ пэж иIэнырт. Арат абы студентхэр кьызыхуиригъэк КъБКъУ-м щыщылэжьа илъэсхэми. Егъэджэныгъэ Iэнатlэм ар Iутащ зэрылэжьа илъэс 55-м ящыщу 30-м. ЩIэныгъэлIым и лекцэхэри семинар дерсхэри хуабжьу купщIафIэт, хьэлэмэтт. Студентхэм абы кьыщащIэрт зыщIыпIи щызэхамыта, зы тхылъыми кьрамыджыкIа тхыдэ Iуэхугъуэхэр.

ЩIэныгъэ-къэхутэныгъэм, егъэджэныгъэ лэжьыгъэхэм кьадэкIуэу, нэхъыжьыфIыр еIлаIэрт лъэпкъ тхыдэр адэкIэ зыгъэкIуэтэфын, езым ирихьэжьа Iуэхугъуэхэм кьыпызыщэн щIэблэ яужь кьихьуэным. Абы и нэIэм щIэту тхыдэмкIэ кандидат диссертацэхэр ягъэхьэзыращ щIэныгъэм япэ дыбакъуэхэр щызыча цIыху 18-м. Абыхэм ящыщщ Собгир МухьэрбIий, Быж Алий, Нало Евгение, Кузьминов Пётр, Кьалмыкъ Жылэбий, Тэмазэ Мусльим, нэгъуэщIхэри. Доктор, кандидат диссертацэу 40-м щIигъум я оппоненту, рецензенту щытащ щIэныгъэлI щыпкъэр. Апхуэдэхэт кавказыдж цIэрыIуэхэу БгъэжьокIуэ Барэсбий, Мамбэт Хьэлым, Мусукаевэ Анжелэ, Кьэжэр Валерэ, Думэн Хьэсэн сымэ, нэгъуэщIхэми игъэхьэзыра щIэныгъэ лэжьыгъэхэр. Кавказ Ищхъэрэм хиубыдэ щIыналъэхэм щыIэ егъэжапIэ нэхъыщхьэ куэдым мы зэманым щолажьэ Iэщ1агъэлI мымащIэ, я унэтIакIуэрэ егъэджакIуэу Къумыкъу Тыгъуэн ильытэу.

КьинэмыщIауэ, Къумыкъур дапщэщи хуэжьыджэрт ди республикэм, кьэралым щекIуэкI жылагъуэ Iуэхуэхэм. Ар пщIэ хуащIу хагъэхьазыу щытащ УФ-м ЕгъэджакIуэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и нэIэм щIэту лажьэ, ТхыдэмкIэ совет нэхъыщхьэм, КъБКъУ-м Диссертацэхэр пхыгъэкIыныжьмкIэ и советым и унафэщIым и кьудэзэу лэжьащ. ЩIэныгъэлI щыпкъэр мызэ-мытIэу иригъэблагъащ КъБР-м и Парламентым, зи чэзу Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ятеухуа докладэр ищIыну хуагъэфащIу.

Къумыкъу Тыгъуэн зэфIиха лэжьыгъэхэм яхуэфащэн гулъытэ ягъуэтащ. Абы кьыхуагъэфэщащ къэралдамыгъэ лъапIэхэр, кьыфIащащ щIыхьыщIэ лъагэхэр, щIытхъу, фIыщIэ тхылъхэр. Тхыдэдж цIэрыIуэм, кьэхутакIуэ емызэшым, щIэныгъэлI Iэзэм, лэжьыгъэм и кьызэгъэпэщакIуэ Iэ-кlуэлъакlуэм, хуэхъуэ нэсым бгъэдальэ Iуэху зехьэкIэр щагъэхъащ къэкIуэну щIэблэм я дежкIэ. Къумыкъум и гъащIэр зыщIыкIи и тхыдэ щIэныгъэм и Iыхьэ абрагъэщ.

КЪАЛМЫКЪ Жылэбий, *тхыдэдж.*

Касумов Алий, Гугу Рашад, Къумыкъу Тыгъуэн, Мамбэт Хьэлым сымэ. *1960 гъэ*

КъБКъУ-м и ректор Лъостэн Владимиррэ литературэдж Сокъур Мусэрбийрэ я гъусэу. *1980 гъэ*

И къуэхэу Ерустанрэ Залымрэ. *1988 гъэ*

И шыпхъу Зое *(ижьымкIэ)*, и щхьэгъусэ Светланэ, и пхъумрэ и куэзрылъху-пхъурылъхуэхэмрэ ящIыгъуу. *2003 гъэ*

МЫСОСТЫШХУЭ Маринэ: Сэ къызгуроІуэ КІунэ сызэрагъапщэр

Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артисткэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналисткэ Мысостышхуэ Маринэ ди псэлъэгъущ.

- Маринэ, уи сабиигъуэм щегъэжьауэ театрыр зищІысыр къызэрыпщІам шэч кьытесхьэркъым. Пщыгъэбийрэ КІунэрэ я дунейр арати. Театрыр дауэ къыпщыхъурэт абы щыгъуэм?

- Театрыр ди унэ етІуанэ хуэдэт. Спектаклхэм сеплъ зэпытт, лъэпкъ театрыр нэгъуэщІ щыналъхэм щыкІуэкІэ, сэри срагъусэт. Уеблэмэ сыцІыкІу дыдэуи спектакль зыбжанэм зыкъыщызгъэлъэгъуэну къысхуихуащ. Илъэситху сыхъуми арагъэнт, «Медея» спектаклым сыщцыхэтам. ГъэщІагъэуэн къысщыщІат абы щыгъуэм. Медея и бынхэр щеукІыж а спектаклым, араща, дылІа хуэдэу щытын хуейт, арщхьэкІэ и мычэзуэ сыкъыкъуэлІри, псори зэІыгъэхьэ пэтащ. Абы и ужькІэ сысабийуэ сыщагъэджэгужакъым ди театрым и спектаклхэм.

Актёрхэм махуэ къэс ращыІущІэкІэ, дауи, уесэнтэкъэ?! Уеблэмэ хьэщІапІэ хэт деж дымыкІуами, зыри хамэу зэи къысщыхъуакъым. Болэ Мурат, Сонэ Мухьэрбий, Дыщэкі КІунэ, а зэманым театрым зи гуащІэ хэзыльхьа нэхъыжьыфІхэр икъукІэ я лэжьыгъэкІи цІыху хэтыкІэкІи узэхъуэпсэнт, щапхъэт.

- Маринэ, зэуэ къыбгурыІуа гъащІэ ІэщІагъэ пхуэхъунур?

- Къыхэсхыну Іэщ1агъэм сегупсысу, курыт еджапІэр къыщызух гъэ дыдэм, Щукиным и цІэр зезыхьэ Театр институтым (Москва къалэм) игъэкІуэнухэр ящхахыу ирихьэлІащ. Сэ абы сыщІэтІысхьэну сызэрыхуейр занщІэу жысІащ, арщхьэкІэ мамэ арэзытэкъым. Ерыскъыхэкіэм пыщІа лэжьакІуэхэр щагъэхьэзыр еджапІэм сыщІэтІысхьэныр нэхъ фІэтэмэмт абы. Сэ сыпщэфІэну сфІэфІт икІи хъарзынэу а Іуэхур къыззэхуІэрти, арагъэнт абы щІытриГъэныкъыр. Актёрым и улахуэр зэрымащІэр, щыщІыІи щыцІыхуаби къуажэхэм кІуэн хуэй зэрыхъур - сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкІэ сыхуущІригъэгъуэжыну ар хэмытами: «Сэри уэ уэщхьу утыкум ситыну сыхуейщ», - жысІэри сукъуэдияжь икІи 1984 - 1988 гъэхэм ди щІыхьэрым щІэныгъэ щызэзгъэгъуэтащ.

- Уи ягъ ролхэр сыт хуэдэт?

- 1986 гъэм ягъ дыдэу Фырэ Руслан игъэуваэ щытащ Толстой Алексей и тхыгъэм къытрадзІыкІа «Бгъэмрэ бгъэ анэмрэ» спектаклыр. Абы еджапІэ нэужьым къикІыжахэр дыкъагъэхьауэ щытащ. Псалъэ сиІакъым, ауэ абы пащтыхь гуащэ Старицкая Ефросинье и пхъурылъху цІыкІуу сыщцыджэгуат. Абы къыкІэлъыкІуэу, Хугаевым и пьесэм Кьубатий Мухьэмэд къытрицІыкІа «Си щхьэгъусэм и щхьэгъусэ» спектаклым сыхагъэхьэри, илъэситІым и кІуэцІкІэ ар дгъэлъагъуэу Къэбэрдейр къыззэхтКІухьащ. Бжэлымых Бэлларэ сэрэ Заретэ и ролыр дгъэзащІэрти, чэзуурэ къуажэхэм дыкІуэрт. Адэкіэ къыкІэлъыкІуащ «Уафэгъуагъуэ макъ», «Тыргъэтауэ» лэжьыгъэхэр.

Спектакль къэс сыт щыгъуи артистыр мэгузавэ, къызэхъулІэну, си джэгуКІэр ягу ирихьыну пІэрэ, жиІэу. Апхуэдэу щымытамэ, ди зэфІэкІым тхуэхъгъэхъуэну къыщІэкІынтэкъым. СпектаклыщІэр щыдгъэлагъуэ ягъ пщыхьщхьэр ар псоми ди зэхуэдэ гъэунэхунигъэщ. ЗэрыжысІауэ, умыгузавэмэ, умыартистку аращ. Пщыхьэщхьэ къэс къакІуэ цІыхур зэщхькъым, нэгъуэщІщ я гукъыдэжкІи, я гупсысэр зытеуухуамкІи. Абы къыхэкІы, дэ щІэрыщІэу къару хэтлъхьэу нэхъ ипэкІэ зыкъызэрыдгъэлъэгъуам нэхърэ нэхъыфІыжу утыкум ди лэжьыгъэр кьитхьэн хуей мэхъу. Апхуэдэ Іэхъу бгъэдыхьэкІэщ сыт хуэдэ ролми сызэрелэжьар.

- Уи ролыр зэрыбгъэзэщІам теухуауэ КІунэ уи критик нэхъыщхьэр?

- КІунэ критик къудей мыхъуу, икъукІэ критик тКІийщ (*мэдыкъэшх* - Б. Л.). Пщыгъэбий дадэ, арат абы дызэреджэу щытар, нэхъ гумащІэт. Абы зыгуэр игу иримыхьамэ, махуэ зыбжанэкІэ езым ар игъэвынурэ, итІанэ убгъэдэсу и чэнджэщ къиухьалІэну арат. Нэхъыбэрэ абы гу зылъызигъатэр си бзэр зэрезгъэфІэкІуэнырт.

- Утыку укъыщихьэжІэ, пэшым уи благъэІыхьлы щыщІэсым и деж уджэгуну нэхъ гугъукъэ?

- Нэхъ уогузавэ. Уи Іыхьлым игу зрибгъэхьыну апхуэдизкІэ ухуейщи, нэхъыфІыжу уджэгуну иужь уохьэ, а Іуэхум удехьэхьІуэри, гулъытэ зыхуэщІыпхъэ куэд лъэныкъуэ егъэзэ мэхъу. Араущи, нэхъыфІ пщІыну ухущІэкъуурэ, нэхъ мыхьэнэншэ щыпфІэхъу къохъу.

- Актёр Іэщ1агъэ и лъэныкъуэкІэ хэт уи егъэджакІуэ нэхъыщхьэ дыдэр?

- Дауи, ар си адэ-анэращ. Абыхэм сабгъуры-ту сызэрысабийрэ театрым сыщыщІэтакІэ, зыхэслъхьар абыхэм ядэслъэгъуараущ. Щэч хэмылъу, еджапІэми куэд къыщыщІащ. Вахтанговым и школым къыщІэкІа гуп нэхъыжь дыдэхэм ящыщхэу Львовэ Верэ, Борисов Анатолий, Стромов Юрий сымэ дгъэдэжати. НэгъуэщІ зы гъэщІэгъуэн сигу къокІыж еджапІэм теухуауэ: къыщыдухым, чэнджэщ кьызатат Цыджанхэм я театрым сыкІуэмэ, фІы дыдэу абы сыщылэжьэфыну. Си щхьэцыр фІыцІэрэ утІэрэзауэ, баринэу еутІыпщхьэхати, цыджан хъыджэбзхэм сахэгъуэщэнкІэ хъуну къащхьэуу арагъэнт. Ауэ сыкъэкІуэжащ. НэгъуэщІ театр сыщылэжьэну зэи сигу къэкІакъым икІи сыхуеякъым.

- Актёр къэс, и зэфІэкІыр зыхэлъым къищынэмыщІа, къемыхъулІи щыІэу къыщІэкІынщ? Абы укъытхутепсэлъыхьыфыну?

- Сэ сыактрисэ бэлыхьу езым зыкъэсщыхъужькІи хъунщ, арщхьэкІэ, сэ сызэрепІымкІэ, си зэфІэкІыр къэзыгъэлъэгъуэфынур утыку сызэритымрэ цІыхум ягу сызэрынэсымрэщ. НэхъыфІу схэлъым и гугъу сщІымэ, къыхэзгъэщыфынур зэпымыууэ сылэжьэну, си зэфІэкІым хэзгъэхъуэну сызэрыхуейр арагъэнщ. Утыку кьихьэну зыфІэмыфІ артистыр артисткъым.

КъызэмыхъулІэ щыІэми, сытепсэлъыхьыну къыщІэкІынтэкъым (*мэдыкъэшх* - Б. Л.). Ауэ роль гугъур сыт хуэдэ уи дежкІэ жыпІэмэ, чэнджэщ иджыри къыумыкьаращ. Ар къызэрэхъулІэну щІыкІэр пщІэркъыми, уи къарум ущымыхсхьажу махуэ къэс абы уолэжь. ИкІэм-икІэжьм, апхуэдизэ зэман зытебгъэкІуэда ролыр уи бным хуэдэ мэхъу, жэщи махуи уегупсысу укъонэ.

Нэхъ иужьрейхэм ящыщу икъукІэ си гуапэу селэжьащ Фырэ Руслан игъэува «Гулъытэншэ хъуахэр», «Унэ лъапІэ» спектаклхэм щызгъэзэщІа ролхэм.

- Сыт хуэдэ роль ущІэхъуэпсрэ, Маринэ?

- ЖысІэну тІэкІу емыкІуми сщІэркъым, ауэ си анэм ищІа образыр си щапхъэщ. Тыргъэтауэ хуэдэу зэфІэкІ, къару зиІэ цІыхубзщ зи гугъу сщІыр. ЦІыхухэр зэрыыгъэн, фІыуэ зэрыльагъун зэрыхуейр дгъэлъэгъуэн, а гупсысэм егъэувалІэным дыхэущхьэпэн хуейуэ къысщохъу. Зэрыльытэу, зыр адрейм егуапэу, зэхуэнабдзэгубзаплъэу щытмэ, дунейри нэхъ мамыр хъунут. ЦІыху ГьащІэр апхуэдэу кІыхькъым, ар Іейм тебгъэкІуэдэну.

ЗгъэзэщІарэт жысІэу сиІэ хъуэпсапІэр - ар щэхэщ. Артистхэм, зэрыпщІэщи, езыхэм я нэщэнэ гуэрхэр я фІэщ хъужу я1эщ. Псалъэм папщІэ, театр утыкум щыбкІэ зыхуэбгъаз хъунукъым. Абы ещхьщ уи хъуэпсапІэр жыпІэмэ, къыдэмыхъулІэну къыззрыщцыхъури, нэгъуэщІ куэди. Артистыр, къапщтэмэ, сабийм хуэдэщ. Апхуэдэу щымытамэ, апхуэдизэ хьэлщэн зэхуэмыдэм дихьэфынутэкъым. Пьесэм делэжьыну къыщытщтэм и деж псори дызэхуэдэщ, цІыхубэ артистри къызэрыгъэкІри. Ялэ классым ущыкІуам ещхьу, алфавитыр зэрызрагъащІэм хуэдэу, псоми зэгъусэу къыщІадзэ. Ауэрэ щхьэж и ролыр ирегъэфІакІуэ. Сыт артистым и лъэныгъэр дохутырым, егъэджакІуэм, нэгъуэщІхэм яйм къазэрыщхъэщыкІыр?! Артистыр махуэ къэс образ зэхуэмыдэ куэдым ихьэн хуей мэхъу, ар цІыхум я фІэщ ищІыфу. Ар къехъулІэн щхьэкІэ, псэкІэ зэныкъуэкъуэкІи хуей мэхъу. Си анэ шыпхъу «Тыргъэтауэ» спектаклым щеплъам щыгъуэ, КІунэ къыжриІуэ щытат: «Апхуэдизэ къарурэ узыншагъэрэ щхьэ бгъэкІущІыхьэн хуей?!». Артистым и къару химыльхьэмэ, ищІэр къехъулІэнукъым.

- ЗэрытщІэщи, журналистикэми уи гуащІэ хьболъхъэ...

- Журналистикэм сызэрыхьхьэрэ мы гъэм илъэс 16 хъуащ. СызэреплъымкІэ, актёр Іэщ1агъэмрэ журналист лэжьыгъэмрэ зыр адрейм и сэбэп изогъэкІыж. Я1эми етІуанэми дызыдэлажьэр цІыхуращ. СфІэгъэщІэгъэну саІуощІэ цІыхухэм, абыхэм я Іуэху еплъыкІэм зыщыгбгъэгъуэзэну хьэлэмэтщ. ЦІыху къэс и хьэлым, зыІыгъыкІэм, псэлъэкІэм гъэщІэгъэну зыгуэр кІыхьыбохьф, ар Мэлычыпхъу и дыщэ чысэм ещхьу щІэнэшэщи, утыкум къызэрыщыщІэгъэсэбэпыжыным хузогъэтІыныгъ. Кьинэмыщ1аеу, сабийхэм эстетикэ гъэсэныгъэ етыным хуэлажьэ, Къэзанокъуэ Жэбагъы и цІэр зезыхьэ центрым ныбжьыщІэ цІыхухэр актёр Іэщ1агъэм щыхьзогъэгъуаэз, ари сигу ирихь Іэщ1агъэм щыщщ.

- Маринэ, уи анэм и гъусэу утыкум ущыджэгуныр тыну зыхэм гугъу?

- «Гущэ ябгэ» спектаклым илъэс куэд хуауэ дыщыззэдоджэгу гущэрэ нысэу, къищынэмыщІауэ, «Уахъытыншэ хъуахэр» лэжьыгъэм зэанэзэпхъуу дыхэтщ. Си дежкІэ сыт щыгъуи тыншщ КІунэ сыдэджэгуну, ауэ езыр гугъу езмыгъэхьу пІэрэ, жызоІэ (*мэдыкъэшх*). Кьапщтэмэ, хьэлщэнкІэ апхуэдэу гъунэгъуу ущызэрыщІыхьм деж, утыкум псалъэншэуи ущызэгурыІуэфынущ. Абы и лъэныкъуэкІэ ар сэбэп кьытхуэхъуу кьысщохъу.

Сэ кьызгуроІуэ КІунэ сызэрырагъапщэр, абы кьыхэкІыу си лэжьыгъэм нэхъ жэуаплыныгъэ схэлъын хуейуэ кьысхуегъэув. Хэти и дуней тетыкІэкІэ, цІыху хэтыкІэкІэ артистщ, ар имыІэщІагъэми. НэгъуэщІ зы лІэужьыгъуэ щыІэщ: утыкум щыбартиту, ауэ и дуней тетыкІэкІэ цІыху щхъуу. Сэ иужьрейхэм захьзобжэ.

Епсэлъар
БАГЪЭТЫР Луизэщ.

Зи нэм фІыуэ имыльагъуэхэм я къэралпсо зэгухьэныгъэм и Май щІыналъэ къудамэм ныкъуэдыкъуагъ зыбгъэдэлъ цІыхухэм гулъытэ яхуищІащ.

ЯГЪЭГУШХУЭНУ а махуэм зэхуашэсахэм псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ МОВОС-м и унафэщІ Выблов Пётр. Ар тепсэлъыхьащ зи нэм имыльагъуэхэм я хьэлъэр мащІэу нэхъ мыхъуми ящыгъэпсынщІэным теухуауэ зэгухьэныгъэм хуэзфІэкІым, псапащІэхэм я гульытэм, къэралыр къаззрыдэІэпыкъум, ВОС-м хэтхэр жылагъуэ гъащІэм пэІэщІэ мыхъуным теухуауэ щІапхъэм.

Зи нэм фІыуэ имыльагъуэхэм яхэтщ унагъуэкІэ хуэмыщІахэри, пІалъэкІэ зи Іуэху хуэмыхъуэхэри, къаруншэхэри. Абыхэм сыт щыгъуи зэрадэІэпыкъуным хэтщ щыналъэ адміністрацэри, волонтёр, псапащІэ зэгухьэныгъэхэри, хьэрычэтыщІэхэри. Иужьрейхэмящыщщ УФ-м и Ахъшэ хъумапІэм Май районым щиІэ къудамэр. «Май водоканал», «Сарскэ», «Бест», «Май», «Любиевэ» Іэхъущ1апІэхэр. Зи нэм фІыуэ имыльагъуэхэм папщІэ къызэрагъэпэща дауэдащхэм мыбыхэм кьабгъэдэкІа лІыкІуэхэри хэтащ. Зи уэзнашагъэр зэкІэлъымыкІуэхэм я гукъыдэжыр къаІэтащ Май къалэм Щэнхабзэмкіэ и унэм и къэфакІуэ, уэрэджыІакІуэ гупхэм.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Май щІыналъэ

Гулъытэ

Зи нэм фІыуэ имыльагъуэхэм яхэтщ унагъуэкІэ хуэмыщІахэри, пІалъэкІэ зи Іуэху хуэмыхъуэхэри, къаруншэхэри. Абыхэм сыт щыгъуи зэрадэІэпыкъуным хэтщ щыналъэ адміністрацэри, волонтёр, псапащІэ зэгухьэныгъэхэри, хьэрычэтыщІэхэри. Иужьрейхэмящыщщ УФ-м и Ахъшэ хъумапІэм Май районым щиІэ къудамэр. «Май водоканал», «Сарскэ», «Бест», «Май», «Любиевэ» Іэхъущ1апІэхэр. Зи нэм фІыуэ имыльагъуэхэм папщІэ къызэрагъэпэща дауэдащхэм мыбыхэм кьабгъэдэкІа лІыкІуэхэри хэтащ. Зи уэзнашагъэр зэкІэлъымыкІуэхэм я гукъыдэжыр къаІэтащ Май къалэм Щэнхабзэмкіэ и унэм и къэфакІуэ, уэрэджыІакІуэ гупхэм.

ЛЪОСТЭН Музэ.

ЩІэблэмрэ къэкІуэну зэманымрэ

● Налшык

Налшык къалэ администрацэм физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхущхэмкіэ и департаментым Кэнжэ дэт Щэнхабзэмкіэ унэм щригъэкІуэкІащ «ЕкъулІэныгъэм и къежьапІэ» зыфІищащ щІалэгъуалэ зэхуэс.

КъАЛЭМ дэт курыт еджапІэ псори хэту къызэрагъэпэща зэІущІэм и ягъ махуэр къэралыгъуэм теухуауэ щытащ. Класс нэхъыжьхэм щеджэхэм тхыгъэ ягъэхьэзыращ дяпэ илъэс 25-кІэ ди щыхьэрым игъуэтыну теплъэр я нэгу къызэрыщІыхьэм теухуауэ. ЕтІуанэ махуэр хъэрычэтыщІэ Іуэхум хухахат. Абы и лъэныкъуэкІэ ныбжьыщІэхэр тепсэлъыхьащ бизнесым зэрыхуащытымрэ езым я Іуэху къызэІуахыным зэрызыхуагъэхьэзырну щІыкІэмрэ.

Зэхьыхьэм и ещанэ махуэм еджакІуэхэм къалэн щащІащ зэманкІэ ипэкІэ пльэуэ, къэкІуэнум щытепщэну жьлагъуэ гъащІэр я нэгу къызэрыщІагъэкъэр я тхыгъэхэм кьыщагъэлъэгъуэну. ЗэІущІэм абыхэм Іэмал яритащ нэхъ гъунэгъуэ зэрыщІыхуну, зэчэнджэщыну. КьыдэкІуэтей щІэблэр зэманым сытКІи хэзгъэныну, я щІэныгъэм хагъэхъуэным теухуа мыпхуэдэ зэІущІэхэм пащэну я мурадщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Дзюдо

Уэртэн Алим и фэеплъу

Къэбэрдей-Балъкъэр, Дагыстэн, Осетие Ищхьэрэ - Алание, Ингуш, Шэшэн, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм, Ставрополь крайм зи ныбжьыр илъэс 18-м нэмыса я бэнакІуэ 200-м нэблагъэ хэтащ спортымкІэ мастер Уэртэн Алим и фэеплъу Налшык щызэхэта зэхьэзэхуэм.

Я ХЬэПЪАГЪ елъытауэ щІалэхэр гупибгъуу гуэшауэ зэхьэзэхуэр екІуэкІащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэу абы текІуэныгъэр къыщахьащ Семэн Тамерлан (кг 46-рэ), Чыржьи Исльам (кг 50), ТІажь Альберт (кг 60), Хьэжмэт Кьантемыр (кг 66-рэ), Шырыт Астемыр (кг 90-м щигъу).

Дыжьын медалхэр зыІэрагъэхьащ Мыд Алибэч (кг 60), Кьардэн Ринат (кг 66-рэ), Борсэ Аскэр (кг 81-рэ). Ещанэ увыпІэр яубыдащ Жылокъуэ Тамерлан (кг 46-рэ), Мэш Мухьэмэд (кг 50), Шэшэн БетІал (кг 50), Шохаев Аслъэн (кг 55-рэ), Уэдеков Алим (кг 60), Алё Мухьэмэд (кг 66-рэ), Балъкъыз Алихъан (кг 73-рэ), Байсиев Амир (кг 81-рэ), Хьэгъэс Ратмир (кг 90), Думэныщ Исльам (кг 90-м щІигъу).

Ахэр ягъасэ Емкъуж Мухьэмэд, Джданэ Залым, Иванов Дмитрий, Мурзэ Теймураз, УнэшхуэлІ Аслъэн, Бэгъуэт Мухьэмэд, Майсурадзэ Айдин, Махуэ Анзор сымэ.

ХЬэТАУИслъам.

● Алыдж-урым бэнакІэ

Медалибгъу я Іэрылъхьэу

Щэкіуэгъуэ мазэм и кІэухым Адыгейм щекІуэкІащ алыдж-урым бэнакІэмкІэ урысейпсо зэхьэзэхуэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым икІахэм абы медалибгъу щызыІэрагъэхьащ.

ЗЫХЭТА хьэлъагъым елъытауэ зэхьэзэхуэм текІуэныгъэр къыщахьащ Локьяев Жамболэт (кг 59-рэ), Кабалоев Заур (кг 66-рэ), Чыл Къазбэч (кг 75-рэ), Сокъур Артур (кг 85-рэ) сымэ. Дыжьын медалхэр зыІэрагъэхьащ Уэршэжьыгъу Аскэрэ (кг 71-рэ) Жылокъуэ Замиррэ (кг 98-рэ), жэзыр къалъысащ Курамагомедов Заур (кг 66-рэ), ДадэИслъамбэч (кг 71-рэ), Дыгъужь Азэмэт (кг 85-рэ).

ТЕМЫР Дисанэ.

● Шэджэм щІыналъэ

БэнакІэм зыщыхуагъасэ пэш къызэІуах

Шэджэм къалэм щаухуащ бэнакІэ зэмылІэужьыгъуэхэм зыщыхуагъасэ пэш ин.

ЗЭУЭ цІыхуи 150-рэ зыщІэхузну а ухуэныгъэм сом мелуанипщІым щІигъу текІуэдащ. Абы щыщу сом мелуан 1,5-р псапащІэхэм кьыхалъхьащ, адрейр щыналъэ бюджетым кьыхэкІащ.

Физкультурэ-узыншагъэр щрагъэфІакІуэ комплексым бгъуныту зэращІам и фІыгъэкІэ, абы спортым и унэтІныныгъэ псомкІи уи Іэпкъльэпкъым зыщІебгъэужьыну ІэмалыфІ кьует. Иджы а зы унэм укъыщІэмыкІыу псы есыным, атлетикэ хьэлъэм, бэнакІэ зэмылІэужьыгъуэхэм, нэгъуэщІ куэдми зыхуебгъэсэфынущ.

Ухуэныгъэр щрагъэкІуэкІым тренерхэмрэ спортсменхэмрэ я Іэлуэхэри кьалъытащ. Пэшхэм хьэуар щызыгъэкъабзэхэр зэпэщу хуащІащ, щыгъын зэхъуэкІыпІэ, гъэсакІуэхэм я пэш щхьэхуэ, нэгъуэщІ зыхуей псомкІи кьызэгъэпэщащ ар.

КІАРЭ Элинэ.

Іулъхьэм пэуву

Іулъхьэм пэщІэтынымкІэ дунейпсо махуэм ирихьэлІэу Урысей МВД-м Шэрэдж районымкІэ и къудамэм и лэжьакІуэхэм ирагъэкІуэкІащ «Іулъхьэ естыркъым! Іулъхьэ кьеІысхыркъым!» Іуэхур.

ПОЛИЦЕЙХЭМ цІыхухэр щагъэгъуэзащ Іулъхьэм пыщІа жэуаплыныгъэм, абы полицэм и лэжьакІуэм Іулъхьэ етын-ри хьыхьэу. Іуэхум хэтахэм рулым дэсхэм хуагуэшащ УФ-м и Уголовнэ кодексым абы ехьэлІа и статьяхэр, хабзэм кьиигъэувкъэ зэпкърыхауэ кьыщыхьа буклетхэр, мы Іуэхум хуагъэхьэзыра стикерхэр.

Къудамэм и лэжьакІуэхэм ирагъэкІуэкІащ Іулъхьэ тын-кьеІыхьыным пэщІэтыным теухуа сабий сурэт зэпеуэ. Лэжьыгъэ нэхъыфІхэр ягъэхьащ зэхьэзэхуэм и республикэ Іыхьэм щагъэлъэгъуэну.

КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Редактор нэхъыщхьэм и ящэ къуэдзэ
ЖЬэКІэМЫХЪУ Маринэ
Редколлегием хэтхэр:
Хьэфыцэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Кьардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэцэмыщІ Изэ.

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленениим и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщалІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэрэ зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.
Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хутыныгъэр хъумэныжмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленениим и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэм: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкі Соня,** *редактору* **Хьэрэдуэ Аллэ,** *корректорхэру* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр яущащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 3.423 ● Заказ №1540